**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ТАРИЙХ-ҲУҚЫҚ ФАКУЛЬТЕТИ**

**Жынаят ҳуқықы, процесси ҳәм криминалистика кафедрасы**

# ҚӘНИГЕЛИК ЖУМЫСЫ

**Тема: «Жынаят процессинде гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў»**

**Орынлаған:** **Абдиев Улуғбек**
тарийх-ҳуқық факультети юриспруденция қәнигелигиниң 4-курс студенти

**Илимий басшысы:** **И.А.Матжанов**
«Жынаят ҳуқықы, процесси ҳәм криминалистика» кафедрасы аға оқытыўшысы, юридика илимлериниң кандидаты

**Нөкис-2012.**

# ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ ГҮМАН ҚЫЛЫНЫЎШЫ ҲӘМ АЙЫПЛАНЫЎШЫНЫҢ КӨРСЕТПЕЛЕРИН БАҲАЛАЎ.

**Реже**

**Кирисиў.........................................................................................3**

**I-БАП. ГҮМАН ҚЫЛЫНЫЎШЫ ҲӘМ АЙЫПЛАНЫЎШЫНЫҢ ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИ ҚАТНАСЫЎШЫЛАРЫ СЫПАТЫНДАҒЫ ҲУҚЫҚЫЙ СТАТУСЫ...........................................................7**

§.1. Жынаят процессинде гүман қылыныўшы, оның ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары..........................................................................7

§.2. Жынаят процессинде айыпланыўшы, оның ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары..........................................................................16

§.3. Шахсты гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыўдың тийкарлары ҳәм процессуал тәртиби.....................25

**II-БАП. ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ ГҮМАН ҚЫЛЫНЫЎШЫ ҲӘМ АЙЫПЛАНЫЎШЫНЫҢ КӨРСЕТПЕЛЕРИН БАҲАЛАЎ...................42**

§.1. Жынаят процессинде гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртиби ҳәм тийкарлары...................................................42

§.2. Жынаят процессинде айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртиби..........................................................................52

**Жуўмақлаў.....................................................................................58**

**Пайдаланылған әдебиятлар дизими...................................................62**

## Кирисиў

Өзбекстан Республикасы өз ғәрезсизлигине ерискеннен соң, өзиниң баслы мақсети етип  ашық сиясат ҳәм базар экономикасына тийкарланған, еркин пуқаралық жәмийет ҳәм ҳуқықый-демократиялық мәмлекет дүзиў жолын таңлады. Бул мақсетке ерисиў ушын мәмлекетимиз парламенти ҳәм журтбасымыз тәрепинен кең көлемли ислер әмелге асырылмақта. Журтымызда жасайтуғын барлық инсанлар ушын, миллети, тили ҳәм дининиң, қандай екенлигинен парқы болмаған ҳалда, мүнәсип турмыслық шараят жаратып бериў, раўажланған демократиялық мәмлекетлердеги сыяқлы турмыс дәрежесин ҳәр еркинликлеринен парқы болмаған ҳалда, мүнәсип турмыслық шараят жаратып бериў, раўажланған демократиялық мәмлекетлердеги сыяқлы турмыс дәрежесин ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў мәмлекетимиз сиясатының мазмунын белгилейди.[1] Ғәрезсизлик – бул уллы мақсет, бүгинги күнимиз ҳәм келешегимиз кепили. Бул орында айрықша атап көрсетиўимиз тийис, Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың «Өзбекстан ғәрезсизликке ерисиў қарсаңында» атлы мийнетинен мәмлекетимиздиң уллы келешеги ушын ғәрезликтиң қаншелли дәрежеде зәрүрлиги, мәмлекетимиз ғәрезсизлигине ерисиў ушын қаншадан-қанша машақатлы мийнетлердиң исленгенлигин ҳәм ғәрезсизликтиң аңсатлық пенен қолға киргизилмегенлигин аңлаўға болады.[2] Сондай-ақ, айрықша атап өтиўимиз лазым, ғәрезсизлик шарапаты себепли мәмлекетимизде экономикалық өсиў дәрежеси жоқарылап бармақта ҳәм бул жағдай халықаралық кең жәмийетшилик тәрепинен тән алынбақта.[3]

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының 2010 жыл 12 ноябрдеги қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде  демократиялық реформаларды және  де  тереңлестириў  ҳәм  пуқаралық  жәмийетти

[1] Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принциплер. – Н□кис: Қарақалпақстан, 2001. – Б. 24.
[2] Каримов И.А. □збекистон мустақилликка эришиш остонасида. – Т.: □збекистон, 2011. – Б. 3-32.
[3] Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: □збекистон, 2012. – Б. 5.

раўажландырыў концепциясы» атамасындағы баянатында «Мәмлекетимизде демократиялық жаңалаўдың бүгинги басқышындағы ең әҳмийетли бағдарларынан бири, бул – нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаўға қаратылған суд-ҳуқық системасын избе-из демократияластырыў ҳәм либералластырыўдан ибарат. Бир сөз бенен айтқанда, журтымызда ҳуқықый мәмлекет тийкарларын және де жетилистириў ҳәм халықтың ҳуқықый санасы ҳәм мәдениятын раўажландырыў биз ушын шешиўши ўазыйпа болып қалмақта. Соның ушын да, биз ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап реформалардың бул жөнелисине айрықша итибар қаратқанымыз тосыннан емес. Әне усындай жантасыў себепли бул бағдардағы жумыслардың көлеми, абырайы ҳәм нәтийжелилиги соңғы он жылда барынша кеңейип, жаңа басқышқа көтерилгенин көплеген мысалларда көриў мүмкин. Дәслеп, суд ҳәкимиятын басқышпа-басқыш беккемлеп барыў, судтың еркинлигин тәмийинлеў, оны бурынғы системада болғаны сыяқлы репрессия қуралы ҳәм жазалаў уйымы сыпатындағы орган емес, бәлким, инсан ҳәм пуқаралардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин исенимли қорғаўға хызмет ететуғын шын мәнисиндеги ғәрезсиз мәмлекет институтына айландырыўға қаратылған кең көлемли шөлкемлестириў-ҳуқықый ис-илажлар әмелге асырылды» деп келтирип өткен еди[1]. Ҳақыйқатында да, нызам үстинлиги ҳәм нызамшылықты беккемлеў, инсан ҳуқықы ҳәм мәплерин исенимли қорғаў ҳәзирги дәўирде мәмлекетимиз сиясатының негизги бағдарын қурайды ҳәм бул жолда нәтийжели ислер әмелге асырылмақта.

Пуқаралық жәмийетте ҳәм ҳуқықый-демократиялық мәмлекетте нызамлар үстин турады. Мәмлекетимиз өзиниң шын мәнисиндеги ғәрезсизлигине ерискеннен соң, парламентимиз тәрепинен көплеп нызамлар қабыл етилип, бул нызамлар пуқаралық жәмийетимиздиң

---

[1] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократикислоҳотларни янада чукурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

сиясий, социал-экономикалық, мәдений тараўларын ҳуқықый жақтан толық турде тәмийинлеўге қаратылған.

Белгили болғанындай, жынаят процессинде әдиллик ҳәм нызамлылық баслы мақсетлерден саналады. Бул мақсетлерге ерисиў жолында ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлери, солардың ишинде сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд тәрепинен жынаят ислерин жүргизиў дәўиринде жынаят-процессуал нызамшылық талапларына толық бойсыныўы, сондай-ақ шахс ҳуқық ҳәм еркинликлерин сақлаўы лазым. Белгили болғанындай, жынаят иси бойынша ең тийкарғы қатнасыўшылардың бири болған гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының ҳуқық ҳәм жеке мәплерин тәмийинлеў жынаят-процессуал нызамшылығының орайлық мәселелеринен бири болып саналады. Гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының ҳуқық ҳәм жеке мәплерин тәмийинлеў, көпшилик жағдайларда олардың көрсетпелерин әдил ҳәм толық баҳалаў менен байланыслы. Бул мәселе, өз гезегинде, илимий истиң бас бағдарын таңлап алыўыма тийкар болды.

Питкериў қәнигелик жумысы жынаят процессинде гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў дәўиринде келип шығатуғын жынаят-процессуал мәселелерди тәртипке салыўдың процессуал қағыйдаларына бағышланған.

Жынаят процессинде гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў дәўиринде келип шығатуғын мәселелерге бирқатар процессуалист алымлар өз илимий мийнетлерин бағдарлаған. Солардын ишинен Ғ.Абдумажидов, З.Ф.Иноғомжонова, А.Давлетов, Б.Х.Пўлатов, А.Т.Алламуратов, Т.А.Умаров, Ғ.Шодиев, Н. Қўшаев [1] ҳам басқалар гүман

[1] Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009.; Жиноят процесси (умумий қисм): Юридик институт ва факультетлари талабалари учун дарслик (Иноғомжонова З.Ф.нинг умумий тахрири остида.).-Т.:ТДЮИ,2008.; Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати: дарслик / Б.Х.Пўлатов; масъул муҳаррирлар: Т.А.Умаров, А.Т.Алламуратов ва бошқ. – Т.: «O'zbekiston», 2009.; Давлетов А.Д. Прокурорский надзор: учебник. – Нукус. «Билим», 1999.; Шодиев Ғ. Жиноят процессида суд назорати: тушунчаси, турлари // Фан ва Ёшлар. Махсус сон. – Тошкент: ТДЮИ, 2008. – Б. 191-193; Қўшаев Н. Жиноят ишида айбланувчи тариқасида иштирок этишга жалб қилиш тўғрисида қарорда далилларда фойдаланиш масалалари // ТДЮИ Ахборотномаси. - №1. - 2009. – Б. 93-94; ҳ.т.б.

қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелир баҳалаўдың процессуал тәртибин ашып бериўге ҳәрекет қылған.

Питкериў қәнигелик жумысы Өзбекстан Республикасы Президентинин мийнетлерине, Өзбекстан Республикасы Конституциясына, Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексине, әмелдеги нызамшылыққа ҳәм темаға тийисли болған арнаўлы әдебиятлар тийкарында исленди.

Питкериў қәнигелик жумысы кирисиўден, еки баптан ҳәм жуўмақлаў бөлиминен ибарат.

Биринши бапта гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының жынаят процесси қатнасыўшылары сыпатындағы ҳуқықый статусы, жынаят процессинде гүман қылыныўшы, оның ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары, жынаят процессинде айыпланыўшы, оның ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары, шахсты гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыўдың тийкарлары ҳәм процессуал тәртиби илимий талқыланған.

Екинши бапта жынаят процессинде гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў процессуал тәртиби ҳәм тийкарлары көрип шығылған.

# I-БАП. ГҮМАН ҚЫЛЫНЫЎШЫ ҲӘМ АЙЫПЛАНЫЎШЫНЫҢ ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИ ҚАТНАСЫЎШЫЛАРЫ СЫПАТЫНДАҒЫ ҲУҚЫҚЫЙ СТАТУСЫ

## §.1. Жынаят процессинде гүман қылыныўшы, оның ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов тәрепинен ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларында-ақ «Әдиллик идеясы, жәмийеттиң ҳәр бир тараўын қамрап алыўы керек. Нызамшылықтың ҳәр бир тараўы раўажланып,- мәмлекет ҳәм пуқара қатнасығы, мийнет ҳәм үй-жай, напақа ҳәм салық, тәбиятты қорғаў ҳәм жынаий жуўапкершилик усы идея менен басланып, сол идея менен тамамланыўы керек»[1] деп айтқанындай, демократияға ерисиў ушын инсан ҳуқықларының бузылыўының алдын алыў, пуқараларымыздың бузылған ҳуқықларын тиклеў ең баслы уазыйпа болып есапланады. Себеби мәмлекетте инсан ҳуқықлары ҳәм еркинлиги үстин есапланады. Сол себеплиде, Президентимиз буларды жақсы аңлай билген ҳалда ғәрезсизлигимиздиң дәслепки жылларынан-ақ ҳуқық қорғаў уйымларының ис-хызметине үлкен итибар қаратты. Буған мысал ретинде айтып өтетуғын болсақ, 1992-жылы 9-декабрдеги «Прокуратура ҳаққында»ғы, 1993-жылы 2-сентябрдеги «Судлар ҳаққында»ғы нызамларының қабылланыўының өзиде демократияға тасланған биринши қәдемлерден болып есапланады (ҳәзирги дәўирде бул нызамлар жаңа редакцияда қабыл етилген)[2].

Инсан хуқықларын қорғаў, олардың бузылған ҳуқықларын тиклеў, пуқараларға келтирилген зыянды толығы менен өндирип бериў, – бул бүгинги күндеги ҳуқық қорғаў уйымларымыздың тийкарғы уазыйпасы болып есапланады. Пуқараларымызға өз ҳуқықларын түсиндириў, олардың ҳуқық

---

[1] Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. – Т.: □збекистон, 2006. – Б. 10-11.

[2] □збекистон Республикасининг «Прокуратура тўғрисида»ги қонуни (2004 йил 3 декабрдаги □збекистон Республикаси қонунлари билан киритилган ўзгартиш ва қўшимчалар билан янги таҳрирда).

ҳәм нызамлы мәплерин тәмийнлеў – пуқаралық жәмийетке өтиўдиң биринши басқышы болып, оларды Республика Конституциясына ҳәм нызамларына бойсыныў руўхында тәрбиялаў баслы ўазыйпа болып есапланады. Бүгинги ҳуқық қорғаў уйымлары хызметкерлериде, өз уазыйпаларын шын кеўилден, ҳәр бир иске объектив қарап шешим шығарыўыда демократияға қарай және бир қәдем болып есапланады. Республикамызда биринши нәўбетте жоқарыда айтып өтилгениндей, инсан ҳуқықларын қорғаў мәмлекетлик сиясат дәрежесине алып өтилди ҳәм буның тастыйығы сыпатында миллий Парламентимиз болған Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң Инсан ҳуқықлары бойынша ўәкили (омбудсман)ның жумыс алып барып атырғанын көрсетип өтиўимизге болады. Соның менен бир қатарда, итибар қаратыўымиз тийис болған мәселе, бул – жынаят процессинде ҳәм оның айрықша басқышы есапланған дәслепки тергеўде жынаят процессиниң жеке мәпке ийе болған қатнасыўшысы есапланған гүман қылыныўшы түсиниги, оның ҳуқықлары ҳәм мәплерин қорғаў мәселеси есапланады.

Гүман қылыныўшы – исленген жынаятқа белгили бир дәрежеде қатнасы бар деп табылып атырған ҳәм жынаят процессинде жеке мәпке ийе болған қатнасыўшы есапланады. Гүман қылыныўшы дәслепки тергеў дәўиринде тийисли дәлиллер арқалы анықланыўы мүмкин[1].

Гүман қылыныўшы – өзине тән айрықшалықларға ийе болған жынаят процессиниң қатнасыўшысы болып есапланады. Соны да атап өтиўимиз тийис, жынаят процессинде гүман қылыныўшының ҳуқықый статусы ҳаққында сөз барар екен, биринши нәўбетте оның ҳуқық ҳәм миннетлемелерине ҳуқықый таллаў жасап өтиўимиз тийис.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 47-статьясында гүман қылыныўшының түсиниги келтирип өтилген. Оған

---

[1] Бул ҳаққында толығырақ қараң: Ўзбекистон юридик энциклопедияси / Нашр учун масъул Р.А.Муҳитдинов ва бошқ.; масъул муҳаррир Н.Тойчиев. – Т.: Адолат, 2009. – Б. 97; Большая юридическая энциклопедия. – М.: Эксмо, 2002. – С. 421; Юридический словарь / Под ред. А.Н.Азрилияна. – М.: Институт новой экономики, 2007. - С.571; Юридический энциклопедический словарь / О.М.Буянова [и др.]; отв. ред. М.Н.Марченко. – М.: ТК Велби, Изд-во Проспект, 2008. - С.494; Толковый словарь юридических терминов / Сост: А.Н.Головастикова, Л.Ю.Грудцына. – М.: Эксмо, 2008. С.257; ҳ.т.б.

муўапық, гүман қылыныўшы жынаят ислегенлиги ҳаққында мағлыўматлар бар болса-да, бул мағлыўматлар оны исте айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ушын жетерли болмаған шахс болып есапланады. Шахсты гүман қылынўшы деп таныў ушын сорастырыўшы, тергеўши ямаса прокурор қарар шығарады.

Демек, гүман қылыныўшы, бул – жынаят ислегенлиги ҳаққында мағлыўматлар бар болған, лекин айыпланыўшы сыпатында иске қатнастырыўға мағлыўматлар жетерли болмаған шахс. Бирақ, соны айрықша атап өтиўимиз тийис, айырым ўақытлары тергеў ҳәрекетиниң көпшилик дәўири гүман қылыныўшыға карата алып барылады. Сонлықтан да жынаят-процессуал әмелиятда гүман қылыныўшының ҳуқық ҳәм мәплери айрықша дәрежеде қорғалыўды талап етиўши фактор саналады.

Жынаят-процессуал нызам гүман қылыныўшыға өз мәплерин қорғаў ушын бирқатар ҳуқық ҳәм мәжбүриятларды нәзерде тутады. Жынаят-процессуал кодексиниң 48-статьясында гүман қылыныўшының ҳуқық ҳәм мәжбүрятлары дизими келтирип өтилген. Оған муўапық, гүман қылыныўшы:

- өзиниң неде гүман қылынып атырғанлығын билиў;

- услап турылғанлығы ямаса турған жери ҳаққында адвокатына ямаса жақын қарындасларына қоңыраў қылыў ямаса хабар бериў;

- ол усланған ямаса гүман қылыныўшы деп тән алынғанлығы ҳаққында карар оған мәлим етилген пайыттан баслап қорғаўшыға ийе болыў ҳәм ушырасыўлардың саны ҳәм даўам етиў ўақты шегараланбаған ҳалда оның менен жеке тәртипте ушырасыў (Жынаят-процессуал кодексиниң 230-статьясының екинши ҳәм үшинши бөлимлеринде нәзерде тутылған ҳаллардан тысқары);

- усланғанынан кейин 24 сааттан кешиктирмей сораў қылыныўын талап етиў;

- өзине карата қойылған гүман ҳаққында ҳәм истиң ҳәрқандай жағдайлары туўралы көрсетпелер бериў ямаса көрсетпе бериўден бас тартыў

ҳәм көрсетпелеринен жынаят исине тийисли дәлиллер сыпатында оның өзине қарсы пайдаланылыўы мүмкинлиги ҳаққында хабардар болыў;

- өз ана тилинен ҳәм де дилмаш хызметинен пайдаланыў;

- өзиниң қорғаныў ҳуқықын жеке өзи әмелге асырыў;

- илтимаснамалар бериў ҳәм шахстың қатнасыўын бийкарлаў (отвод);

- дәлиллер усыныў;

- сорастырыўшы ямаса тергеўшиниң рухсаты менен тергеў ҳарекетлеринде қатнасыў;

- жарасыў ҳаққында, амнистия актин қоллаў ҳаққындағы ислер бойынша суд мәжилислеринде қатнасыў;

- сорастырыўшының, тергеўшиниң, прокурордың жәнe судтың ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен шикаятлар бериў ҳуқықына ийе.

Жынаят-процессуал нызамшылықтың гүман қылыныўшыға бирқатар субьектив ҳуқық ҳәм мәжбүриятлар бериўиндеги тийкарғы мақсет оның жеке мәплерин тәмийнлеўден ибарат болып есапланады. Дәслепки тергеўде гүман қылыныўшы шәртли рәўиште төмендегилерден мәпдар саналады:

- өз жеке мәплерин толық әмелге асырыў ҳәм дәслепки тергеўде ҳуқық жәнe мәжбүриятларға ийе болыў мақсетинде оны имканы барынша тезирек гүман қылыныўшы деп табыў;

- дәслепки тергеўде айыпсызлық презумпциясы принципиниң толық әмел қылыныўы;

- оған қарсы қойылған гүманның имканы барынша тезирек сапластырылыўы;

- оған қарсы қойылған гүманның жетерли дәрежеде тийкарларға ийе болыўы;

- жынаят исиниң жетерли себеплер ҳәм тийкар бар болған жағдайда ғана қозғатылыўы[1] ҳ.т.б.

---

[1] Гүман қылыныўшының басқа да мәплери ҳаққында толығырақ қараң: Пивень А.В. Права подозреваемого на защиту в российском уголовном процессе: Автореф. дисс… канд. юрид. наук. – Ижевск, 1999. - С.15; Ачилов С.М. Возможности усиления защиты прав потерпевшего в уголовном процессе: Автореф. дисс… канд. юрид. наук. – Т., 2010. - С. 4; Матжанов И.А. Личные интересы участников уголовного процесса: Автореф. дисс… канд. юрид. наук. – Т., 2010. - С. 7-9; ҳ.т.б.

Гүман қылыныўшының мәплериниң бири болған жынаят исиниң жетерли себеплер ҳәм тийкар бар болған жағдайда ғана қозғатылыўы ҳуқық қорғаў уйымларына белгили бир дәрежеде жуўапкершилик жүклейди. Себеби, жынаят исиниң қозғатылыўы жынаят процессиниң басланыў басқышы есапланады.

Белгили болғанындай, жынаятқа тийисли арзалар, хабарлар ҳәм басқа мағлыўматлар дизимге алыныўы менен дәрҳал яки үш суткадан кешиктирместен, жынаят исин қозғатыў ушын себеп ҳәм тийкарлар жетерли екенлигин тиккелей яки сорастырыў органлары жәрдеминде тексериў зәрүрлиги болған жағдайда – он суткадан кешиктирместен көрип шығылыўы лазым. Усы мүддетлер жынаятқа тийисли хабар алынған ўақыттан баслап тап исти қозғатыў яки исти қозғатыўдан бас тартыў туўралы қарар шығарылғанға шекемги ўақытты өз ишине алады.

Жынаят исин қозғатыў тийкарларының нызамлылығын ҳәм жетерлилигин тексериў усыллары сыпатында төмендегилерди көрсетиў мүмкин: а) қосыма ҳүжжетлер талап етиў (шөлкем ямаса пуқарадан); б) лаўазымлы шахслар ҳәм пуқаралардан түсиниклер алыў; в) гүман қылынып атырған шахстың жынайый ҳәрекетлер менен шуғыланыўына шек қойыў, қашып кетиўи, дәлиллерди жасырыўы яки жоқ қылып жибериўиниң алдын алыў мақсетинде услап турыў; г) кешиктирип болмайтуғын жағдайларда ўақыя орнын көзден кешириў; д) зәрүр жағдайларда экспертиза тайынлаў ҳәм оны өткериў.

Ис қозғатылғанға шекем басқа тергеў ҳәрекетлерин өткериў қадаған етиледи. Себеп ҳәм тийкарлар жетерли болған жағдайда жынаят исин қозғатыў ҳаққында сорастырыўшы, тергеўши, прокурор қарар, суд болса уйғарыў шығарады. Жынаят исин қозғатыў туўралы қарар яки уйғарыўда исти қозғатыў ушын себеплер ҳәм тийкар, Жынаят кодексиниң қозғатылған жынаят исин көзде тутыўшы статьясы, исти өз өндирисине алған лаўазымлы шахс көрсетиледи.

Илимий жумыстың баслы мақсетлериниң бири, гүман қылыныўшының процессуал ҳуқықларын ҳуқықый таллаўдан ибарат. Сонлықтан, гүман қылыныўшының тийкарғы ҳуқықларын таллап өтиўимиз мақсетке муўапық.

Дәслепки тергеўде гүман қылыныўшының өзиниң неде гүман қылынып атырғанлығын билиў тийкарғы ҳуқықларынан есапланады. Белгили болғанындай, дәслепки тергеўде гүман қылыныўшыға қарсы қаратылған гүман Өзбекстан Республикасының Жынаят кодексинде көрсетилген статьялар бойынша әмелге асырылады. Бул жерде итибар қарататуғын мәселе, исленген жынаятты квалификациялаў саналады. Ал, әмелиятта болса, жынаяттың квалификациясы дәслебинде Жынаят кодексиниң басқа статьясы менен, дәслепки тергеў ақырларына келип Жынаят кодексиниң басқа статьясына өзгериўи мүмкин. Яғный, гүманның өзгериўине алып келиўи мүмкин. Сонлықтан, гүман қылыныўшыға қарата Жынаят кодексиниң анық статьясы менен гүманның қойылыўы оның неде гүман қылынып атырғанлығын билиў ҳуқықын тәмийинлеўде баслы әҳмийетке ийе.

Дәслепки тергеўде гүман қылыныўшының ол услanған ямаса гүман қылыныўшы деп тән алынғанлығы ҳаққында карар оған мәлим етилген пайыттан баслап қорғаўшыға ийе болыў ҳәм ушырасыўлардың саны ҳәм даўам етиў ўақты шегараланбаған ҳалда оның менен жеке тәртипте ушырасыў ҳуқықы тийкарғылардан болып саналады. Лекин, бул процессуал норма Жынаят-процессуал кодексиниң 230-статьясының екинши ҳәм үшинши бөлимлеринде нәзерде тутылған ҳаллардан тысқары жағдайларға әмел қылмайды. Яғный, қамаққа алыў тәрзиндеги ықтыят шарасы қолланылған жағдайларда Жынаят-процессуал кодексиниң 226-статьяларын инабатқа алған ҳалда гүман кылныўшы шахстың өз қорғаўшысы менен ушырасыўы сорастырыўшы, тергеўши ямаса прокурор тәрепинен еки саатқа шекем қысқартылыў мүмкин.

Жынаят-процессуал нызам тийкарында гүман қылыныўшының ол усланған ямаса гүман қылыныўшы деп тән алынғанлығы ҳаққында карар оған мәлим етилген пайыттан баслап қорғаўшыға ийе болыўы оның ҳуқық

ҳәм мәплерин қорғаўға хызмет қылады. Белгили болғанындай, қорғаўшы гүман қылыныўшының ҳуқықларын қорғаўға имканы барынша тезирек кирискен жағдайда ғана гүман қылыныўшының ҳуқықлары нәтийжели корғалыўы мүмкин. Сонлықтан да, жынаят-процессуал нызам гүман қылыныўшы ҳәм оның қорғаўшысы ортасындағы ушырасыўлар санын шеклемейди. Бул болса, өз гезегинде, гүман қылыныўшының ҳуқық ҳәм мәплериниң қорғалыўына хызмет тетиўи сөзсиз.

Жәмийетте пуқаралардың ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин қорғаўды тәмийнлеўге қаратылған нызамларды әмелиятқа усыныўда адвокатлардың роли айрықша болып есапланады. Шахстың ҳуқық ҳәм еркинликлериниң толық дәрежеде қорғалыўы сол ис бойынша тийисли қәнийгелердиң қатнасыўында әмелге асырылса, нәтийжели болады.[1]

Пуқаралардың конституциялық ҳуқық ҳәм еркинликлериниң адвокат тәрепинен суд тергеў уйымларында жынайый ислер бойынша қорғалыўын қорғаўшылық деп аталып, оның усы бағдардағы хызмети Өзбекстан Республикасы Жынаят процессуал кодексиниң 49-статьясында белгилеп қойылғанындай «Қорғаўшы гуман қылыўшының, айыпланыўшының, судланыўшының ҳуқықлары ҳәм нызамлы мәплерин нызамда белгиленген тәртипте қорғаўды әмелге асырыўға ҳәмде оларға керекли ҳуқықый жәрдем көрсетиў ўәкиллигине ийе болған шахс болып есапланады». Демек, нызамның усы талабынан көринип турғанындай, адвокат арнаўлы ҳуқық ҳәм миннетлерине ийе болған шахс болып, оның ҳуқықый уқыплылығы Адвокатура ҳаққындағы нызамлар ҳәм нормативлик ҳүжжетлер менен ғана емес, ал ол қатнасып атырған ҳуқықый қатнасықларды тәртипке салыўшы арнаўлы нызам нормалары менен де тәртипке салынады.

Адвокаттың жәмийетте тутқан орны, оның ҳуқықый статусы ҳәм мәмлекетте әдил судлаўды әмелге асырыўдағы ролине баҳа бериўде мәмлекет тәрепинен адвокаттың алдына қойылған ўазыйпасын түсинип алыў

[1] Тухташева У.А. Адвокатура как институт гражданского общества // Материалы круглого стола по теме «Некоторые гаправление реформирорвания инститта адвокатуры». – Т.: ТДЮИ, 2009. – С. 8

жүдә әҳмийетке ийе. Адвокаттың ўәзыйпасы жынаят ислеўде гуман қылынып атырған шахсты ҳәр қандай усыл ҳәм қураллар менен қорғап, өз қорғаўындағы шахсқа байланыслы ақлаў ҳүкимин шығарыўды ерисиў, жынаятты ашыўға, айыпдарды ҳақылы жазадан қутқарып қалыўға емес, ал әдил судлаўды әмелге асырыўда ҳақыйқатты анықлаўда жәрдем бериў, шахсқа байланыслы суд-тергеў уйымлары тәрепинен нызамсыз усыллар қолланыўына жол қоймаслық, айыпланыўшы шахстың ҳәрекетин туўры, ҳуқықый квалификациялаўға ҳәм жынаятына жараса әдил жаза тайынланыўына ерисиў ҳәмде пуқаралардың ҳуқықый саўатлылығын асырыўға көмеклесиў болып есапланады.

Адвокат хызметиндеги усы процессуалық ўазыйпалар төмендеги жағдайларда өз көринисин табады: шахсқа қарата суд-тергеў уйымлары тәрепинен нызамсыз усыллар қолланыўына тосқынлық қылады; гүман қылыныўшының ямаса айыпланыўшының ҳәрекетин туўры, ҳуқықый квалификациялаў ҳәм қылмысына жараса әдил жаза тайынланыўына жәрдем береди.

Гүман қылыныўшының қорғаўшысы белгили бир жынаят ислеринде болып қатнасар екен, оның тийкарғы ўазыйпасы қорғаўындағы шахс тәрепинен жынаят исленген, яки исленбегенлигин анықлаў ушын суд-тергеў уйымлары топлаған ҳүжжет дәлиллерин үйренип ғана қалмастан, ал оз қорғаўы астындағы шахстың көрсетпеси, ис бойынша топланған ҳәм судта дәлил сыпатында хызмет қылыўы мумкин болған хүжжет ҳәм мағлыўматларға сүйенген ҳалда жүзеге келген ишки исенимине тийкарланып, қорғаўындағы шахс жынаят иследиме яки жоқпа, сол ҳаққында бир тоқтамға келип, қарар қабыллаў лазым болып табылады.

Қорғаўшының ең тийкарғы мақсети, - ҳуқық коррғаў уйымлары хызметкерилери тәрипинен гүман қылыныўшыға қарата нызамсыз ҳәрекетлердиң әмелге асырылмаўына ерисиў. Қорғаўшы усы нызамсыз ҳәрекетлердиң алдын-алыўға ҳәрекет қылып, биринши гезекте ис материаллары менен танысып шыққаннан кейин өз қорғаўындағы шахс

пенен сөйлесип, ол гуман қылып атырған яки айыпланып атырған жынаятта ҳақыйқаттанда клиенттиң айыбы бар яки жоқ екенлигин анықланғанынан қатты нәзер, оған байланыслы қолланылған нызамсыз усыллар ҳаққында ўәкилликли шахсларға хабар қылады.

Өзбекстан Республикасы Жынаят Кодексиниң 4-8-статьяларында нызамлылық ҳәм әдиллик принциплери көрсетилген болып, соған тийкарланып «Исленген қылмыстың жынайыйлығы, жазаға сазаўарлығы ҳәм басқа ҳуқықый ақыбетлери тек Жынаят кодекси менен белгиленеди» ҳәмде «Жынаят ислеўде айыпланыўшы болған шахсқа байланыслы қолланылатуғын жаза яки басқа ҳуқықый тәсир шарасы әдил болыўы, яғный жынаяттың аўыр-жеңиллигине, айыптың ҳәм шахстың жәмийетлик қәўиплилик дәрежесине муўапық болыўы керек. Ҳеш ким бир жынаят ушын еки мәрте жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин емес». Демек, жәмийетлик қәўипли қылмысты ислеген деп табылған шахслар өзлериниң ҳәрекетлеринде яки ҳәрекетсизлигинде Жынаят Кодексиниң белгили бир статьяларында анық көрсетилген белгилер бар болғанлығы ушын ғана жуўапкер болып табылады ҳәм сонлықтан сорастырыўшы, тергеўши прокурор ҳәм судья усы қылмысты нызамға сай түрде квалификациялаўы шәрт.

Гейпара жағдайларда жынаят ислеген шахслардың қылмысларын Жынаят кодексиниң белгили бир статьяларына сай келмейтуғын дәрежеде квалификациялаў яки оның қылмысына әдилсиз түрде жаза тайынлаў жағдайлары әмелиятта ушырасып турыўы мүмкин. Атап айтқанда, қорғаўшының, ямаса профессионал қорғаўшы – адвокаттың ең әдиўли ўазыйпаларының бири мине усындай жағдайлардың алдын-алыўға жәрдем бериўден ибарат есапланады.

Жынаят процессинде гүман қылыныўшының өзине қарата қойылған гүман ҳаққында ҳәм истиң ҳәрқандай жағдайлары туўралы көрсетпелер бериў ямаса көрсетпе бериўден бас тартыў ҳәм көрсетпелеринен жынаят исине тийисли дәлиллер сыпатында оның өзине қарсы пайдаланылыўы мүмкинлиги ҳаққында хабардар болыў ҳуқықы да тийкарғылардан болып

саналады. Белгили болғанындай, дәслепки тергеў даўамында шахс гүман қылыныўшы деп табылғаннан соң сорастырыўшы ямаса тергеўши тәрепинен сораў қылыныўы ҳәм көрсетпе бериўи мүмкин. Лекин, гүман қылыныўшы сыпатында сораў қылынып атырған шахс мәлим бир ўақыт өткеннен соң жынаят исине айыпланыўшы сыпатында тартылыўы мүмкин. Бул болса, өз гезегинде, шахстың алдын гүман қылыныўшы сыпатында берген көрсетпелериниң бийкарланыўына алып келмейди ҳәм ол айыпланыўшы статусына ийе болған жағдайларда сорастырыўшы ямаса тергеўши тәрепинен оған қарсы қолланылыўы мүмкин. Демек, гүман қылыныўшы билиўи керек болған факторлардың бири, бул өзине қарата қойылған гүман ҳаққында ҳәм истиң ҳәрқандай жағдайлары туўралы көрсетпелер бериў ямаса көрсетпе бериўден бас тартыў ҳәм көрсетпелеринен жынаят исине тийисли дәлиллер сыпатында оның өзине қарсы пайдаланылыўы мүмкинлиги ҳаққында хабардар болыўы. Бул болса, өз гезегинде, гүман қылыныўшының қорғаныў стратегиясына унамлы тәсир етеди.

## §.2. Жынаят процессинде айыпланыўшы, оның ҳуқық ҳәм мәжбүриятлары

Айыпланыўшы – жынаят процессиниң қатнасыўшыларының бири есапланып, истиң жуўмағынан жеке мәпдар шахс болып табылады. Айыпланыўшы түсиниги Өзбекстан Республикасының Жынаят-процессуал кодексиниң 45-статьясында анық белгиленген. Оған муўапық, айыпланыўшы жынаят-процессуал нызамшылығында белгиленген тәртипте айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартылыўы ҳаққында қарар шығарылған шахс.[1]

Шахсты айыпланыўшы деп табыў, оған айып жәриялаў яки тергеўши тәрепинен шахсты айыпланыўшы ретинде иске қатнастырыўға тартыў ҳаққында қарар шығарыўы даўирлерин анықлаў илимий жумысымыздың баслы мақсетлеринен саналады. Соның ушын дәслепки тергеўде қайсы

[1] Бул ҳаққында толығырақ қараң: □тегенов Ж., Тилеўов Е., Есбергенов Р. Юридикалық терминлердиң қарақалпақша түсиндирме с□злиги. – Н□кис, Қарақалпақстан, 2003. – Б. 7.

пайыттан баслап шахсты айыпланыўшы деп табыў кереклигин анықлаў мақсетке муўапық.

Бул мәселе бойынша ҳуқықый әдебиятта ҳәр қыйлы пикирлер бар. Ҳуқық тараўының көплеген илимпазлары, мәселен, М.С.Строгович, В.А.Стремовский ҳәм Г.А.Абдумажидовлар айыпланыўшының алдын ала тергеў барысында пайда болыўын айыпланыўшы ретинде жынайый жуўапкершиликке тартылыў ҳаққында қарар шығарылыўы менен байланыстырады[1]. Екинши бир топар алымлар болса айыпланыўшы сыпатында шахстың иске тартылыўын оған карата айыптың қойылыўы менен байланыстырады[2].

Жынаят-процессуал нызамда шахсты айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў ҳаққында қарар шығыў пайытынан баслап оны айыпланыўшы деп есаплаў керек деп белгиленген, себеби тап усы пайыттан баслап жынаятлы процессте айыпланыўшы пайда болады. Жынаят-процессуал нызамы айыпланыўшы ретинде тартыў ушын жеткиликли дәрежеде дәлиллердиң болыўын көрсетеди.

Айыпланыўшы ретинде шахсты жуўапкершиликке тартыў – жүдә әҳмийетли процессуал ҳәрекет, соның ушын нызам айыпланыўшы ретинде қарар шығарыў пайытына тергеўшиден жеткиликли дәрежеде дәлиллер топлаўын талап етеди. Шахстың айыплы екенлигинен дерек бериўши исенимли дәлиллер топламастан айыпланыўшы ретинде шахсты жуўапкершиликке тартыў, сондай-ақ оны жасалма түрде, тергеў ақырына жеткенше жуўапкершиликке тартпаў әмелиятта орын алмаўы керек[3].

Жынаят процесстиң басқышларына қарай жынаят ушын айыпланып атырған шахс ҳәртүрли статусқа ийе болады: дәслепки тергеў басқышында – айыпланыўшы; суд мәжилиси басқышында – судланыўшы; жазаны орынлаў дәўиринде – судланған шахс.

---

[1] Жиноят процесси (Махсус кисм): дарслик – Т. ТДЮИ, 2003. – Б. 67-69.
[2] Авторский состав. Предварительное расследование в уголовном процессе. – М., 1996. – С. 18.
[3] Строгович М.С. Право обвиняемого на защиту и презумпция невиновности. – М., 1984. –С. 32.

Судланыўшы түсинигине қарағанда айыпланыўшы түсиниги анағурлым кең, себеби ҳәмме судланыўшылар айыпланыўшы болып табылады, бирақ ҳәмме айыпланыўшылао судланыўшы болабермейди.

Жынаят-процессуал нызам процессте судланыўшының пайда болыўын суд өндирисине исти таярлаў басқышы менен байланыстырады. Бул жерде айыпланыўшының айыплы екенлиги ҳаққында мәселе шешилмейди, ал суд мәжилисинде исти қарап шығыў ушын жеткиликли тийкарлар ҳәм дәлиллер бар екенлиги, процесс қатнасыўшыларының, атап айтқанда айыпланыўшының ҳуқықлары сақланғанлығы тексериледи.

Суд мәжилисине исти таярлаў басқышында судья буған тийкар болған жағдайда суд мәжилисин белгилеў ҳаққында қарар шығарады.

Тап усы пайыттан баслап айыпланыўшы судланыўшыға айланады, буннан тысқары, судланыўшыға дәслепки тергеў басқышындағы айыпланыўшының процессуал ҳуқықлары қолланылады.

Ҳүким шығарылғаннан соң айыпланыўшы судланған шахс деп аталады. Суд тәрепинен шығарылған айыплаўшы ҳүким жынаят иси бойынша суд өндирисиниң жуўмағы болып табылады. Бул ҳүким судланыўшының айыбын тастыйықлайды. Жынаятлы ис бойынша суд өндириси ҳүким менен жуўмақланады, оның менен айыпланыўшы (судланыўшы) нызам тәрепинен жынаят ислеген деп мойынланады.

Судланған адам мәжбүриятларға ийе ҳәм нызамда белгиленген бир қатар шеклеўлер менен, сондай-ақ суд ҳүкиминен келип шығатуғын ҳуқықлардан пайдаланады. Суд ҳүкими ҳуқық ҳәм миннетлерди шеклеў дәрежесин анықлайды.

Айыпланыўшының дәслепки тергеў басқышындағы ҳәм судланыўшының суд өндирисиндеги процессуал жағдайы бир қыйлы емес. Дәслепки тергеў тартыслы болмайды. Айыпланыўшы бул басқышта тәреп болып табылмайды, ол алдын ала тергеў уйымы алдында қойылған айыптан қорғанады[1].

---

[1] Строгович М.С. Право обвиняемого на защиту и презумпция невиновности. – М., 1984. – С. 36-38.

Тергеўши болса үш ўазыйпа атқарады, бирақ оның ең баслысы – бул айыплаў ўазыйпасы. Солай етип, ол дәслепки тергеў барысында жынаят жуўапкершилигине тартылып атырған шахстың айыбын дәлиллеў процесси менен байланыслы жумыс алып барады. Белгили илимпаз М.С.Строгович дурыс көрсеткениндей: «Айыпланыўшы болатуғын болса, оны айыплайтуғын адам да болыўы керек. Айыпланыўшы болып, айыплайтуғын адам болмаўы болмайды»[1].

Айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў ҳаққында қарарда ҳәм айыплаў жуўмақта айыплаўшы айыпланыўшыны қаралайды. Бул ҳәрекетлерди ол алдын ала тергеў барысында топланған ҳәм тексерилген дәлиллер тийкарында орынлайды.

Айыпланыўшының процессуал жағдайы оған Жынаят-процессуал кодекстиң 237-статьясында көрсетилген ықтыят шараларын қолланыўға мүмкинилик береди. Бундай ықтыят шаралары мунәсиб минез қулықта болыў ҳаққында тил хат, жеке кепиллик бериў, жамийетлик бирлеспе яки жәмийетшилик кепиллиги, гиреў, қаммаққа алыў, ер жетпегенди гузетиў астына алыў ушын тапсырыў. әскерий хызметшиниң минез-қулқы устинен командирлигиниң гузетиўи сыяқылардан ибарат[2].

Жынаят процессинде айыпланыўшы дәслепки тергеў басқышында пайда болады. Соның ушын орынлы сораў пайда болады: ол айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартылыў пайытынан баслап жынаят ислегенлиги ушын айыплы деп мойынланама?

Белгили алым М.С.Строгович пикиринше: «Айыпланыўшыны айыплы адам менен теңлестириў, айыпланыўшыға әшкараланған жынаятшыдай қатнас жасаў ҳеш бир нырққа сыймайды ҳәм теориялық ҳәм тәжирийбе жақтан да қәте.

Айыпланыўшы – бул жынаят ислегенликте айыпланып атырған адам, бирақ оның айыплы екенлиги ҳаққында мәселе шешилип атырған. Бул

---

[1] Строгович М.С. Право обвиняемого на защиту и презумпция невиновности. – М., 1984. – С. 35-39.
[2] □збекистон Республикасининг Жиноят – процессуал кодексига шарҳлар. – Т.: Адолат, 2000. – Б. 237.

мәселени шешиў керек, бунын ушын истиң барлық жағдайларын хәр тәреплеме ҳәм толық изертлеў керек».[1]

Жынаят-процессуал нызамшылығына муўапық, айыпланыўшыны иске тартыў ҳаққындағы қарар «жынаят исине айыпланыўшы сыпатында қатнастырыўға тартыў» деп аталады. Бул болса жүдә узын атама. Өз гезегинде, юрист илимпаз Н.Кушаев бул қарардың атамасын «айыпланыўшы сыпатында иске тартыў» деп қысқартыўды усыныс етеди[2].

Солай етип, айыпланыўшы – бул айыпланыўшы ретинде жууапкершиликке тартыў ҳаққында қарар шығарылған шахс. Усы пайыттан баслап оған өз нызамлы мәплерин қорғаў ушын кең көлемдеги процессуал ҳуқықлар бериледи.

Жынаят-процессуал кодекстиң 46-статьясына муўапық айыпланыўшының ҳуқықларына төмендегилер киреди:

- өзиниң неде айыпланып атырғанлығын билиў;

- қамаққа алынғанлығы турған жайы ҳаққында адвокатқа ямаса жақын туўысқанларына қоңыраў етиў ямаса хабар бериў;

- қорғаўшыға ийе болыў ҳәм ушырасыўлардың саны ҳәм даўам етиў ўақты шегараланбаған ҳалда оның менен жеке тәртипте ушырасыў (Жынаят-процессуал кодексиниң 230-статьясының екинши ҳәм үшинши бөлимлеринде нәзерде тутылған ҳаллардан тысқары);

- өзине қарата қойылған айыплаў бойынша ҳәм истиң ҳәркандай жағдайлары туўралы көрсетпелер бериў ямаса көрсетпе бериўден бас тартыў ҳәм көрсетпелеринен жынаят исине тийисли дәлиллер сыпатында оның өзине қарсы пайдаланылыўы мүмкинлиги ҳаққында хабардар болыў;

- өз ана тилинен ҳәм де дилмаш хызметинен пайдаланыў;

- өзиниң қорғаныў ҳуқықын жеке өзи әмелге асырыў;

- илтимаснамалар бериў ҳәм шахстың қатнасыўын бийкарлаў (отвод);

---

[1] Строгович М.С. Право обвиняемого на защиту и презумпция невиновности. – М., 1984. –С. 29.

[2] Кўшаев Н.М., Ҳотамов Ҳ.С. Айбланувчи тарақасида жалб қилиш институтини такомиллаштириш масалалари // «Ҳуқуқдаги бўшлиқлар ва уларни бартараф этиш йўллари» мавзусидаги Республика илмий-амалий конференцияси материаллари. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 301.

- дәлиллер усыныў;

- сорастырыўшы ямаса тергеўшиниң рухсаты менен тергеў ҳарекетлеринде қатнасыў;

- дәслепки тергеў тамам болғаннан соң истиң барлық материаллары менентанысып шағыў ҳәм оннан зәрүр мағлыўматларды жащып алыў, материаллар ҳәм ҳүжжетилерден техника қураллары жәрдеминде өз есабынан көширме ҳәм нусхалар алыў ямаса олардағы мағлыўматларды басқаша түрде белгилеп алыў;

- жынаят исиниң тергеўши ямаса прокурор тарепинен тамамланганлығына қарсы наразылық билдириў ҳәм суд мәжилисиниң өткизилиўин талап қылыў;

- жарасыў ҳаққында, амнистия актин қоллаў ҳаққындағы ислер бойынша, биринши инстанция ҳәм апелляция инстанциясы судының мәжилислеринде, судтың рухсаты менен болса кассация ҳәм бақлаў инстанциялары судының мәжилислеринде қатнасыў;

- сорастырыўшының, тергеўшиниң, прокурордың және судтың ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен шикаятлар бериў

- суд мәжилисиниң баянламасы менен танысыў ҳәмде ол ҳаққында өз пикирлерин билдириў;

- ис бойынша келтирилген протестлер, апелляция, кассация шикаятларынан хабардар болыў ҳәм оларға өз наразылықларын билдириў ҳуқықына ийе.

Шахсты айыпланыўшы ретинде иске тартыў ҳаққында қарар шығарғанда тергеўши онда шахстың анық жынаятлы ҳәрекетлерин көрсетип, қарар шығарылғаннан кейин кеминде уш сутка ишинде айып жәриялаўы тийис. Айыпланыўшы айыптың барлық өзгерислери ҳаққында хабардар болыўы ҳәм өзгерилген айыплар бойынша түсиниклер бериliў мүмкиншилигине ийе болыўы тийис. Бул талапты орынламаў жынаят-

процессуал нызамшылықтың бузылыўы болып табылады ҳәм айыплаў ҳүкиминиң бийкарланыўына алып келеди.[1]

Қойылған айып бойынша айыпланыўшының түсиниклер бериў ҳуқықы тергеў ўақтында иске асырылады. Тергеўши айыпланыўшыны айып қойылған ўақытынан баслап тергеп баслайды. Тергеўши қойылған айыптың негизин түсиндириўи тийис. Айыпланыўшы өзин айыплы деп мойынлайма, деп сораўы керек. Өз көрсетпелеринде айыпланыўшы айыпты бийкарлаўға, тийкарланған дәлиллерди есапқа алыўға, ис жағдайларын өзинше түсиндириўге ҳақылы саналады.

Айыпланыўшының өз түсиндирмелерин бериў ҳуқықы оны қорғаўдың әҳмийетли қуралына айландырады. Буннан тысқары, бул айыпланыўшының миннети емес, ал ҳуқықы болып табылады. Ол көрсетпелер бериўден бас тартқаны ушын жынайы жуўапкершиликке тартылмайды. Зорлық, қорқытыў ҳәм басқада нызамсыз ҳәрекетлер менен айыпланыўшыдан көрсетпелер алыўды нызам қадаған етеди.

Өзбекстан Республикасы жынаят-процессуал нызамшылығына муўапық суд жүргизилип атырған тилди билмейтуғын айыпланыўшы өз ана тилинде билдириўлер жасаў, көрсетпелер бериў, дилмаштан пайдаланыў ҳуқықына ийе. Тергеў ҳәм суд ҳүжжетлери айыпланыўшыға оның ана тилинде бериледи.

Айыпланыўшы өзин ақлаў ушын қәлеген айғақлы ҳәм жазба дәлиллерди келтириўи мүмкин. Бул дәлиллерди ол жеке өзи ямаса өзиниң қорғаўшысы арқалы тапсырыўы мүмкин. Дәлиллерди келтириў – бул айыпланыўшының миннети емес, ал оның ҳуқықы. Соның ушын да, айыпсызлық презумпциясына муўапық, дәлиллерди келтириўге айыпланыўшыны мәжбүрлеўге болмайды

[1]. «□збекистон Республикаси Олий суди пленумининг «Судлар томонидан жиноят ишларини биринчи босқич судида муҳокама этиш жараенида процессуал конунчиликка риоя қилиниши тўғрисида» ги 1997 йил 22 августдаги 12-сонли қарорига қўшимчалар киритиш ҳақида 1999 йил 30 апрелдаги 7-сонли карори // □збекистон Республикаси Олий суди пленуми қарорларининг тўплами. 1991-2000 й.й. – Нукус, 2000. –Б. 76-77.

Жынаятлы ис бойынша дәлиллерди дәслепки тергеў уйымлары жыйнайды. Айыпланыўшы ҳәм процесстиң басқа қатнасыўшылары тек өзлеринде бар предметлер менен ҳүжжетлерди бериўге, дәлиллерди жыйнаў бойынша ҳәрекетлер өндириси ҳаққында илтимаснамалар бериўге ҳақылы. Берилген илтимаснама тийкарынан қаралып шығылыўы тийис. Илтимаснама процесстиң қәлеген басқышында берилиўи мүмкин. Бул ҳуқық – айыпланыўшының ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин қорғаўдың әҳмийетли кепили. Бул ҳуқықты түсиндириў тергеўши, прокурордың миннети болып табылады.

Тергеў жүргизип атырған шахс дәлиллерди жыйнаў бойынша гүўаларды тергеў, экспертиза жүргизиў бойынша айыпланыўшының ямаса оның қорғаўшысының өтинишин орынлаўы тийис. Илтимаснаманы қараўдың нәтийжеси ҳаққында шағым жасаған адамға хабар бериў керек. Илтимаснамадан бас тартқан жағдайда тергеўши тийкарлы қарар шығарыўға миннетли. Процесстиң бир басқышында бийкарланған илтимаснама процесстиң басқа басқышларында қайта берилиўи мүмкин.

Илтимаснама бийкарланған жағдайда айыпланыўшы тергеўшиниң шешими үстинен прокурорға шағым жасаўы мүмкин.

Айыпланыўшының тийкарғы ҳуқықларының бири, бул – дәслепки тергеў питкеннен кейин истиң барлық материаллары менен танысыў ҳуқықы болып табылады. Айыпланыўшы ис материаллары менен танысыў ушын қорғаўшыны шақырыў ҳаққында илтимаснама бергенде, тергеўши истиң барлық материалларын айыпланыўшыға ҳәм қорғаўшыға береди. Олар тигилген ҳәм номерленген түринде бериледи. Егер ис бойынша бир неше айыпланыўшылер болса, олардың ҳәр қайсысына барлық ис материаллары бериледи. Айыпланыўшы ис материаллары менен танысыў барысында оннан қәлеген мағлыўматларды ҳәм қәлеген көлемде жазып алыўға ҳақылы. Айыпланыўшы ҳәм оның қорғаўшысы ис материаллары менен танысып болғаннан кейин тергеўши олардан тергеўди толықтырыў ҳаққында илтимаснамалары бар ма, деп сораўға миннетли. Тергеў тамамланғаннан

кейин айыпланыўшыға танысыў ушын ис материалларын бермеў жынаят-процессуал нызамның анағурлым бузылыўы болып табылады ҳәм ҳүкимди бийкарлаўға алып келеди[1].

Айыпланыўшыға өз ҳуқық ҳәм нызамлы мәплерин қорғаў ушын барлық зәрүрли ҳуқықлар берилген.

Қорғаўшыға ийе болыў – айыпланыўшының қорғаўға болған ҳуқықларының кепили. Соның ушын тергеўши, прокурор, суд қорғаўшының қатнасыўына шек қоялмайды. Ҳеш ким айыпланыўшыға қандай да бир қорғаўшыны мәжбүрий таңлаўға илтимаснама бериўге ҳақысы жоқ. Қорғаўшы айыпланыўшы ямаса оның нызамлы ўәкили тәрепинен таңлап алынады. Айыпланыўшының өтиниши бойынша қорғаўшының қатнасы тергеўши, прокурор ямаса суд тәрепинен тәмийинленеди. Қорғаўшының иске қатнасыўы айып қойылған пайытынан басланады.

Айыпланыўшының жеке қәсийетлерине (жасы жетпеген, психикалық ҳәм физикалық кемшиликлер болыўы) ҳәм басқа да жағдайларға бола, жынаят-процессуал нызамда суд мәжилисинде ҳәм дәслепки тергеўде қорғаўшының шәртли қатнасыў жағдайлары нәзерде тутылған.

Айыпланыўшының өз ҳуқықларын қорғаўда сорастырыўшының, тергеўшиниң, прокурордың және судтың ҳәрекетлери ҳәм қарарлары үстинен шикаятлар бериў бериў ҳуқықы зәрүрий әҳмийетке ийе. Шикаят (шағым) келтириў – ис өндириси бойынша жиберилген қәтелерди табыў усылларының бири. Тергеўшиниң ҳәрекетлери менен шешимине шағым жасаў тиккелей прокурор арқалы иске асырылады. Прокурор үш күн ишинде шикаятты қарап шығып, оның жуўмақлары ҳақында жуўап бериўи лазым.

Жынаятлы ис тоқтатылғанда айыпланыўшы мүддеттиң өтип кетиўи, амнистия ҳаққында акттың қолланылыўы тийкарында исти тоқтатыўға қарсылық көрсетиўге ҳақылы. Ол тергеў баяннамасын толықтырыўды, оған

---

[1] □збекистон Республикаси Олий суди пленумининг «Ҳимоя ҳуқуқини таъминловчи конунларни қўллаш амалиети тугрисида» 1996-йил 41 –сонли карори. – Т., 1996.

қосымшалар киргизиўди талап етиўи мүмкин. Экспертизаны белгилеў ҳәм жүргизиўге байланыслы айыпланыўшыға үлкен ҳуқықлар берилген.

Солай етип, жынаят иси бойынша айыпланыўшы – бул ҳуқық субъекти. Ол өзи ямаса қорғаўшысы арқалы өзин тийкарсыз айыплардан қорғаўы мүмкин. Айыпланыўшыға кең процессуал ҳуқықлар берип, нызам олардың тәмийинлениўине үлкен дыққат аўдарады. Ол суд, прокурор, тергеўшиден айыпланыўшыға нызамда белгиленген қураллар менен өзин қорғаўды ҳәм оның жеке ҳәм мүлк ҳуқықларын қорғаўды тәмийинлеўди талап етеди.

Айыпланыўшы ҳуқықлар менен бир қатарда, миннетлердиң де ийеси болып табылады. Айыпланыўшының миннетлери, алды менен, жынаят иси бойынша өндириси ўазыйпаларын орынлаўға, жынаят ислериниң дурыс ҳәм өз ўақтында қарастырылыўы ҳәм шешилиўине, ис бойынша ҳақыйқатлықты тәмийинлеўге қаратылған.

Жынаят-процессуал нызамға муўапық, айыпланыўшы төмендегилерге миннетли: суд, тергеўши, прокурордың шақырыўы бойынша белгиленген мүддетте жетип келиўи; дәслепки тергеў ҳәм суд мәжилисинде қатнасыўдан бас тартпаўы; ҳақыйқатты анықлаўға дәлиллерди жоқ қылыў, қәлбекилестириў, гүўаларды көндириўге урыныў ҳәм басқа да нызамсыз ҳарекетлери менен тосқынлық қылмаў; оған қолланылған ықтыят шараларынан келип шығатуғын талапларды сақлаў; гүўландырыў, эксперт тексериўлери ушын үлгилер алыў, экспертиза өткериў ушын медициналық мекемеге жайластырыў ҳаққында судтың уйғарыўлары ҳәм нызамда нәзерде тутылған басқа процессуал қарарлардың орынланыўына тосқынлық қылмаў; дәслепки тергеў ҳәм суд мәжилиси ўақтында тәртипке бойсыныў.

Айыпланыўшыға берилген ҳуқық ҳәм мәжбүриятлардың ҳуқықый баҳасы оның жынаят процессиниң тийкарғы қатнасыўшысы екенлигинен дерек береди. Сонны да айрықша атап өтиўимиз тийис, жынаят процессиниң ғәрезсиз басқышы болған дәслепки тергеўде айыпланыўшыға өзиниң айыпсыз екенлигин дәлиллеў мәжбүрияты жүклениўи мүмкин емес.

## §.3. Шахсты гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыўдың тийкарлары ҳәм процессуал тәртиби

Шахсты гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы сыпатында жынаят исине қатнасыўға тартыўдың тийкарлары ҳәм процессуал тәртиби жынаят-процессуал илиминиң орайлық мәселелериниң бири болып есапланады. Себеби, шахсты гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыў дәўиринде жынаят-процессуал нызамлықтың барлық тәртип-қағыйдалары ҳәм нызамлылық принципи сақланыўы лазым. Бул болса, өз гезегинде, гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартылып атырған шахстың ҳуқық ҳәм мәплериниң сақланыўына алып келеди. Егер, шахсты гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыў дәўиринде айырым процессуал қәтеликлерге ямаса кемшиликлерге жол қойылса, шахстың тийисли тәртипте нызамда көрсетилген жазаға тартылмаўына ямаса тийкарсыз жазаға тартылыўына алып келиўи мүмкин. Сонлықтан, шахсты гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыўдың тийкарлары ҳәм процессуал тәртибин ҳуқықый таллаў ўақтында, ең биринши гезекте, олардың ҳәр бириниң иске қатнасыўға тартыў тийкарлары ҳәм тәртибин айрықша рәўиште көрип шығыўымыз лазым.

*Шахсты гүман қылыныўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыўдың тийкарлары ҳәм процессуал тәртиби.* Гүман қылыныўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыўдың тийкарлары ҳәм процессуал тәртиби Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 359-статьясы талаплары бойынша әмелге асырылады. Бул ҳуқықый қағыйдаға муўапық, егер, шахс 221-статьясында көзде тутылған тийкарларға бола жынаят ислегенликте гүман қылынып услanған болса ямаса исте оны жынаят ислегенликте гүман қылыўға тийкар болатуғын мағлыўматлар бар болса, ол жынаят исинде гүман қылыныўшы сыпатында қатнасыўға тартылады.

Жынаят ислегенликте гүман қылып услаў тийкарлары төмендегилерден ибарат:

- шахс жынаят үстинде яки тиккелей оны ислегеннен кейин қолға түссе;
- жынаятты көргенлер, соның ишинде жәбирлениўшилер оны жынаят ислеген шахс сыпатында тиккелей көрсетсе;
- оның өзинде яки кийиминде, жанында яки үйинде исленген жынаяттың айқын излери табылса;
- шахсты жынаят ислегенликте гүман қылыў ушын тийкар болатуғын мағлыўмат бар болып, ол қашпақшы болса яки турақлы жасайтуғын орны жоқ ямаса шахсы анықланбаған болса.

Шахсты гүман қылыныўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыў – оны айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыў ушын жетерли тийкарлар болмағанынан дерек береди.[1]

Услап турыў жынаят ислегенликте гүман қылынып атырған шахсты оның жынайый ҳәрекетлер менен шуғылланыўына тыйым салып, қашып кетиўи, дәлиллерди жасырыўы яки жоқ қылып жибериўиниң алдын алыў мақсетинде қысқа мүддетке еркинен айырыўдан ибарат. Усы атап өтилген шахсты гүман қылыныўшы сыпатында услап турыў тийкарлары бир ўақыттың өзинде шахсты жынаят иси бойынша гүман қылыныўшы сыпатында жынаят исине тартыў ушын хызмет етеди.

*Шахс жынаят үстинде яки тиккелей оны ислегеннен кейин қолға түсиўи* - бул белгили бир шахсты жынайый ҳәрекетлерди (жәмийетлик қәўипли қылмыс) әмелге асырып атырған ўақтында тиккелей услап алынғанлығы яки жынаят ислегеннен соң қолға түскенлигин билдиреди.

Әдетте жынаят исленген ўақытта оны көргенлер жынаят ислениў процессин тиккелей гүзетиўшилер болады. Жәбирлениўшилер болса тиккелей жынаят ислениўи процессиниң қатнасыўшысы болып есапланады.

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир проф. Ғ.Абдумажидов. –Т.: ТДЮИ нашриёти, 2009. - Б. 561.

Жәбирлениўшилер ўақыяны көрген адамларды да, жынаятты ислеген шахстың кимлигин ямаса жынаят қайсы шахс тәрепинен исленгенлигин көрсетип бере алады. Жынаятты өз көзи менен көргенлер, соның ишинде жәбирлениўшилердиң жынаят ислеген шахсларды тиккелей көрсетиўи – жынаятты ашыў, тергеў қылыў ҳәм дәлиллеў ўәкиллигине ийе болған лаўазымлы шахслар ҳәм органлар хызметкерлерине көрсетип бериўин аңлатады.

Шахстың өзинде яки кийиминде ямаса үйинде исленген жынаяттың айқын излери табылыўы дегенде, шахстың кийиминде, өзинде яки үйинде ямаса шахсқа тийисли транспорт қуралында яки шахсқа тийисли буйым ҳәм предметлерде исленген жынаяттың айқын ислери, мәселен, жәбирлениўши менен қарсыласыў излери, белгилери, қан излери, қан дақлары, урланған мүлк, жынаят қураллары ҳәм басқалардың табылыўы түсиниледи.

Бизге белгили болғанындай, жынаят исин қозғатыў ушын да, жынаят иси бойынша қандай да бир процессуал ҳәрекетлерди әмелге асырыў ушын да ямаса жынаят иси бойынша исти қандай етип даўам еттириў, бағдарын белгилеп алыў ушын да топланған материалларға, яғный топланған дәлиллер жыйындысына мүрәжат етиледи. Белгили бир шахсты белгили бир жынаят ислегенликте гүман қылыныўшы сыпатында иске тартыў ушын да ис бойынша топланған дәлиллер жыйындысына тийисли түрде баҳа бериледи. Дәлиллер болса, әлбетте, мағлыўматлардан ҳәм айғақлы затлардан ибара болады. Шахсты гүман қылыныўшы сыпатында иске тартыў тийкарының және биреўи – бул *гүман қылыў ушын тийкар болатуғын мағлыўматлар есапланып,* бул тиккелей яки жанапай сыпатламаға ийе болған дәлиллер жыйындысы яки системасы сыпатында баян етилетуғын, олар тийкарында тийисли шахстың жынаят ислегенлиги туўралы гүман ҳалатын пайда ететуғын мағлыўматлардан ибарат. Бул мағлыўматлардың бар екенлиги шахс үстинен дәслепки тергеў процессинде тийисли тергеў ҳәрекетлерин өткериў ушын тийкар болып хызмет етеди.

Сондай-ақ, *шахстың турақлы жасаў орны жоқлығы ямаса оның шахсы анықланбағанлығы* да шахсты гүман қылыныўшы сыпатында услап турыўға тийкар болып есапланады. Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 226-статьясының талабына көре, милицияға яки басқа ҳуқық қорғаў органына әкелинген шахсты услап турыў жетпис еки сааттан артық даўам етиўи мүмкин емес.

Гүман қылыныўшы усланғаннан баслап жигирма төрт саат ишинде сораў қылыныўы ҳәм нызам талапларына муўапық усы мүддет ишинде бас шарасын таңлаў ҳаққында мәселе шешилиўи зәрүр.

Гүман қылыныўшы шахсты услап турыў мақсети төмендегилерден ибарат:

- услап турылған шахстың ислеңген жынаятқа болған байланысы;
- шахстың өз жынайый ҳәрекетлерин даўам еттириўине ямаса басқа ҳәр қандай нызамға қарсы ҳәрекетлер менен шуғылланыўына тыйым салыў;
- сорастырыў, тергеў ҳәм судтан қашып кетиўиниң алдын алыў;
- жынаят иси бойынша ҳақыйқатты анықлаўға кесент бериў итималын сапластырыў;
- жынаят иси бойынша иске тартылған яки тартылыўы мүмкин болған гүўа ҳәм жәбирлениўшилерге гүман қылыныўшы тәрепинен нызамсыз тәсир көрсетиў, қорқытыў, жеке қәўипсизлигине қәўип туўдырыў ҳәрекетлериниң алдын алыў.

Услап турыў жынаят иси қозғатылғанға шекем де, ис қозғатылғаннан кейин де әмелге асырылыўы мүмкин. Ис қозғатылғаннан кейин услап турыўға тек тергеўши, сорастырыўшы, прокурордың қарарына яки судтың уйғарыўына муўапық жол қойылады (Жынаят-процессуал кодексиниң 220-статьясы).

Жоқарыда атап өтилген услап турыў тийкарлары бар болғанда милиция ҳәм басқа сорастырыў органының хызметкери, сондай-ақ өз ҳәрекетине жуўап бере алатуғын ҳәр қандай шахс жынаят ислегенликте гүман қылынған

шахсты услаў ҳәм жақын арадағы милиция мәкемесине яки ҳуқық қорғаў органына алып келиўге ҳақылы.

Улыўма алғанда Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 359-статьясының талапларына муўапық, шахс Жынаят-процессуал кодексиниң 221-статьясында көзде тутылған тийкарлар бар болғанда ғана гүман қылыныўшы сыпатында иске тартылыўы мүмкин. Басқа ҳалатларда болса, шахсты гүман қылыныўшы сыпатында иске тартыўға жол қойылмайды.

*Гүман қылыныўшы сыпатында иске тартыў туўралы қарар.* Шахсты гүман қылыныўшы сыпатында тән алыў ҳаққында сорастырыўшы, тергеўши яки прокурор қарар қабыл етеди.

Жынаят исинде гүман қылыныўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарар әҳмийетли процессуал ҳүжжет есапланады. Ол жынаят иси бойынша белгили бир шахсқа қозғатылған, соңынан айыплаўға айланыўы мүмкин болған гүманды сәўлелендириўши, сол шахсқа қорғаныў имканиятын бериўши процессуал ҳүжжет болып табылады.[1]

Жынаят исинде гүман қылыныўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарардың алдына қойылған талаплар Жынаят-процессуал кодексиниң 360-статьясында баян етилген болып, нызам талапларына муўапық қандай да бир жынаятты ислегенликте гүман қылынып атырған шахс ис қозғатылғанға шекем усланған болса ҳәм Жынаят-процессуал кодексиниң 225-статьясында нәзерде тутылған тексериў услап турыўдың тийкарлы екенлигин тастыйықлаған болса, тергеўши шахсты услап турыў, ис қозғатыў ҳәм исте гүман қылыныўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында бир тоқтамға келип, оларды бир қарарда баян етеди.

Жынаят-процессуал кодексиниң 225-статьясы талаплары соннан ибарат, услап турыўдың тийкарлы екенлигин тексериў, ҳүжжетлерди талап етиў ҳәм көзден кешириў гүман қылыныўшы сыпатында усланған шахс милиция

---

[1] Қўшаев Н. Жиноят ишида айбланувчи тариқасида иштирок этишга жалб қилиш тўғрисида қарорда далилларда фойдаланиш масалалари // ТДЮИ Ахборотномаси. - №1. - 2009. – Б. 93-94.

органына яки басқа ҳуқық қорғаў органына әкелинген ўақыттан баслап жигирма төрт сааттан кешиктирместен өткерилиўи лазым. Жигирма төрт саат ишинде өткерилген тексериў ҳақыйқатында да гүман қылыныўшының нызамлы тийкарда усланғанлығын тастыйықласа, онда сорастырыўшы, тергеўши яки прокурор тәрепинен жаңа, жынаят иси бойынша исти жүргизип атырған лаўазымлы шахс тәерпинен гүман қылыныўшы сыпатында иске тартыў ҳаққында қарар қабыл етиледи.

Қарарда услап турылған шахс қайсы жынаятты ислегенликте гүман қылынып атырғанлығы, Жынаят кодексиниң қайсы статьясында бул жынаят көзде тутылғанлығы, услап турыў себеплери ҳәм тийкарлары, сондай-ақ шахсты услап турыў, егер жынаят иси бурын қозғатылмаған болса, жынаят исин қозғатыў ҳәм оны исте гүман қылыныўшы сыпатында қатнасыўға тартыў мәселелери көрсетилиўи керек.

Шахсты гүман қылыныўшы сыпатында иске тартыў туўралы қарар гүман қылыныўшыға ол биринши рет сораў қылынғанға шекем жәрияланыўы лазым. Соның менен бирге, гүман қылыныўшыға Жынаят-процессуал кодексиниң 48-статьясында нәзерде тутылған гүман қылыныўшының ҳуқықлары ҳәм миннетлери түсиндирилиўи лазым.

Шахсты гүман қылыныўшы сыпатында иске тартыў туўралы қарар үш бөлимнен: кирисиў, сыпатлама-тийкарлаў ҳәм жуўмақ бөлимлеринен ибарат болады. Қарардың кирисиў бөлиминде усы қарарды шығарыў ўақты, орны, орган ҳәм қарарды шығарып атырған лаўазымлы шахстың фамилиясы, имси-шәрийпи, ийелеп турған лаўазымы, хызмет атағы, жынаят иси қозғатылған болса, онда жынаят иси номери, егер қозғатылмаған болса, қайсы жынайый ҳәдийсе факти бойынша қабыл етилип атырғанлығы жазылады.

Қарардың сыпатлама-тийкарлаў бөлиминде жынаят исиниң қысқаша мазмуны, яғный жынаят иси бойынша анықланған ўақыя ҳалатлары, жүз берген ҳәдийсе Жынаят кодексиниң қайсы статьясында көзде тутылған жынаят екенлиги ҳәм усы жынаятты ислеўде гүман қылынып атырған шахсты гүман қылыныўшы сыпатында иске тартыў ушын қандай дәлиллер

бар екенлиги ҳәм оны услап турыў тийкары неден ибарат екенлиги толық баян етиледи және Жынаят-процессуал кодексиниң қайсы статьяларына муўапық қарар қабыл етилип атырғанлығы көрсетиледи.

Қарардың жуўмақ бөлиминде гүман қылыныўшы сыпатында усланып, гүман қылыныўшы сыпатында иске тартылып атырған шахстың толық фамилиясы, аты, әкесиниң аты, туўылған жылы, күни, турар жайы, қай жерде ҳәм қандай лаўазымда ислейтуғынлығы, семьялық жағдайы, бурын судланғанлығы ҳәм басқа да оның шахсын анықлаўшы мағлыўматлар, Жынаят-процессуал кодексиниң 221-статьясында көзде тутылған услап турыў тийкарлары, усланған шахсты қай жерде услап турыў, прокурорға усы қарар нусқасының жиберилиўи, усланған шахсқа Жынаят-процессуал кодексиниң 46-статьясында атап өтилген ҳуқық ҳәм миннетлери түсиндирилиўи кереклиги, қарардың соңында усы қарарды дүзген шахстың ийелеп турған лаўазымы, хызмет атағы, фамилиясы, исми-шәрийпи, сондай-ақ қарар соңында гүман қылыныўшы сыпатында услап турылып, иске гүман қылыныўшы сыпатында тартылып атырған шахстың қарар менен танысып шыққанлығы туўралы жазылады. Бул шахс қарар менен танысып шыққанлығын өз имзасы менен тастыйықлайды ҳәм сәнесин қояды.

*Шахсты айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыўдың тийкарлары ҳәм процессуал тәртиби.* Жынаят иси бойынша гүман қылыныўшы шахсты услап турыў мүддети жетпис еки сааттан артық даўам етиўи мүмкин емес. Услап турыў мүддети тамамланғанға шекем ҳәм тийкарлар бар болғанда шахс айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыўға тартылыўы, оған айып жәрияланыўы, Жынаят-процессуал кодексиниң 109-112-статьяларындағы қағыйдалар бойынша сораў қылыныўы ҳәм 236-240-статьялары қағыйдаларына әмел қылған ҳалда бас шарасын таңлаў ҳаққында мәселениң шешилиўи зәрүр болып есапланады.

Жынаят-процессуал нызамшылық талаплары тийкарында айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыўға тартыў туўралы қарар шығарылғаннан баслап айыпланыўшы деп жүритиледи.

Жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарар шығарылған ўақыттан баслап айыпланыўшы Жынаят-процессуал кодексиниң 46-статьясында атап өтилген процессуал ҳуқықлардан пайдаланады ҳәм оған жүкленген миннетлерди орынлаўы шәрт. Пуқаралардың Өзбекстан Республикасы Конституциясы ҳәм басқа нызамларында көзде тутылған жеке ҳуқық ҳәм еркинликлериниң шеклениўи және тийкарсыз түрде оларды жынайый жуўапкерликке тартыўдың алдын алыў мақсетинде нызам жынаят ислеўде гүман қылыныўшы шахстың айыбын тастыйықлаўшы дәлиллер  жетерли дәрежеде топланған жағдайда ғана оны жынаят иси бойынша айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарар шығарылыўы мүмкинлигин атап өтеди.

Жынаят иси бойынша шахсты айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў өз алдына  үш процессуал ҳәрекетти өзинде сәўлелендиреди:

- жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында иске тартыў ҳаққында қарардың тергеўши тәрепинен ямаса прокурор тәрепинен дүзилиўи;
- тергеўши яки прокурор тәрепинен, яғный жынаят иси бойынша дәслепки тергеў ҳәрекетлерин әмелге асырыўға жуўапкер шахс тәрепинен айыпланыўшы сыпатында иске тартылып атырған шахсқа айыптың жәрияланыўы;
- айыпланыўшы сыпатында иске тартылған шахсқа айыплаў жәрияланыўы менен яки ол айыпланыўшы сыпатында жуўапкерликке тартылғаннан кейин жигирма төрт саат ишинде сораў қылыныўы.

*Шахсты жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарар.* Жынаят-процессуал кодексиниң 361-статьясы талапларына муўапық, шахсты жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарарды тергеўши яки прокурор шығарады. Қарарда:

1) айыпланыўшы сыпатында тартылып атырған шахстың фамилиясы, исми, атасының исми, туўылған күни, айы ҳәм жылы;

2) айыплаўдың мазмуны, яғный шахс мойнына қойылып атырған жынаят ҳәдийсеси, ол исленген орын, ўақыт ҳәм басқа да әҳмийетли ҳалатлар баянламасы;

3) Жынаят кодексиниң усы жынаятты көзде тутқан статьясы, бөлими, бәнти көрсетилиўи лазым.

Жынаят кодексиниң ҳәр түрли статьяларында, бөлимлеринде, бәнтлеринде нәзерде тутылған бир неше жынаятты ислегенликте айыпланғанда, бул жынаятлардың ҳәр бириниң мазмуны ҳәм юиридикалық сыпатламасы өз алдына көрсетилиўи лазым.

Қарардың жуўмақ бөлиминде усы шахсты исте айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында тоқтамға келингенлиги баян етилиўи лазым. Улыўма алғанда, шахсты айыпланыўшы сыпатында иске тартыў ҳаққында қарардың формасы гүман қылыныўшы сыпатында иске тартыў ҳаққында қарардың дүзилисине уқсап кетеди. Мәселен, бул қарар да үш бөлимнен: кирисиў, сыпатлама-тийкарлама ҳәм жуўмақ бөлимлеринен турады.

Шхасты жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарар тийкарланған, ҳуқықый жақтан дурыс дүзилген ҳуқықый ҳүжжет болыўы талап етиледи. Соның менен бирге, усы қарарда исленген жынаяттың барлық ҳалатлары анық ҳәм рәўшан сыпатланыўы, усы сыпатлама жынаят иси бойынша топланған материалларға толық сәйкес келиўи, дәлиллерге тийкарланған болыўы лазым. Қарарда исленген жынаяттың Жынаят кодексинде көзде тутылған статьясы, бөлими, бәнти анық ҳәм толық баян етилиўи керек.

Қарардың жуўмақ бөлими жынаят иси бойынша топланған дәлиллерге сүйенген ҳалда шығарылған жынаят иси бойынша дәслепки тергеўди жүргизип атырған жуўапкер шахс – тергеўши яки прокурордың жуўмақларын өз ишине алған болыўы, усы жуўмақлар әлбетте қарардың сыпатлама-тийкарлама бөлиминен логикалық жақтан дурыс келип шыққан болыўы шәрт болып есапланады.

Исленген жынаят бир неше шахслар тәрепинен әмелге асырылған болса, онда жынаят иси бойынша айыпланыўшы сыпатында барлық жынаят ислеген шахсларды иске тартыў лазым болады. Бундай жағдайларда, әлбетте, ҳәр бир жынаят ислеген шахс ушын өз алдына жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында қатнасыў ушын тартыў ҳаққында қарар шығарылыўы ҳәм оларға усы қарар нызам менен белгиленген тәртипте жәрияланыўы керек. Айыпланыўшы сыпатында жынаят исинде қатнасыўға тартыў ҳаққында дүзилген ҳәр бир қарар тийисли тәртипте шахсты жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарар 361-статьясы талапларына сәйкес келиўи шәрт.

Айыпланыўшының нызам менен белгиленген ҳуқықларын қорғаў ўазыйпасы ҳәне оның ҳуқықларын кемситпеў миннети дәслепки тергеўди жүргизип атырған жуўапкер шахстың – тергеўши ҳәм прокурордың мойнына жүкленген. Айыпланыўшының ҳуқықларын шеклеп қойыў болса – нызам менен белгиленген ҳуқықый ақыбетлерге (процессуал ҳүжжеттиң бийкар қылыныўына, айырым жағдайларда айыпланыўшының ҳуқықларын нызамсыз түрде шеклеген, кемситкен лаўазымлы шахсты тийисли түрде жуўапкершиилкке тартыўға) себеп болатуғын қопал рәўиште процессуал талапларды бузыў болып есапланады.

Жынаят иси бойынша айыпланыўшы сыпатында исте қатнасыўға тартылып атырған шахс тәрепинен яки шахслар тәрепинен бир неше жынаят исленген болса, онда усы бир қарардың өзинде барлық жынаятлар ҳалатлары баян етилиўи ҳәм ҳәр бир жынаят ушын сыпатлама өз алдына көрсетилиўи лазым. Бир неше шахслар тәрепинен бир жынаят исленген жағдайларда ҳәр бир айыпланыўшының жынаят ислеўдеги роли усы қарарда анық баян етилиўи лазым. Қарарды бундай тексте таярлаў ҳәр бир жынаят ислеген шахстың жәмийетлик қәўиплилик дәрежесине тийисли түрде ҳуқықый баҳа бериўде үлкен әҳмийетке ийе. Усы жағдай олардың ҳәрекетлерин дурыс квалификациялаўға ҳәне суд тәрепинен оларға жаза тайынлаўда әдалатлық принципин әмелге асырыўда көмек береди.

Жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қорарда айыпланыўшының шахсына тийисли болған барлық мағлыўматлар толық ҳәм тийкарлы түрде баян етилиўи лазым. Қарар соңында нызам менен белгиленген процессуал ҳуқықлар ҳәм миннетлер, атап айтқанда, шахсты жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыў ҳаққында қарар 46-статьясында көрсетилген айыпланыўшының ҳуқық ҳәм миннетлери түсиндирилгенлиги ҳаққында жазылыўы ҳәм бул жағдай айыпланыўшы тәрепинен имзасы менен тастыйықланыўы керек. Бунда айыпланыўшы қарар менен танысқан күн, ай ҳәм жыл протоколға жазылады.

Қарардың жуўмақ бөлимине дәслепки тергеўди жүргизип атырған тергеўши яки прокурор қол қойыўы, өз лаўазымы, хызмет атағы, фамилиясы, исми-шәрийпи қарар соңында көрсетилиўи керек.

Айыпланыўшы ретинде шахсты жуўапкершиликке тартыў дәслепки тергеўдиң әҳмийетли басқышы болып табылады. Бул актта төмендеги тийкарғы режелер есапқа алынады:

*Бириншиден,* жынаят ислеген шахслар сөзсиз айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартылыўы тийис. Тергеўши оларды табыўға ҳәм әшкаралаўға барлық нызамлы иләжлар көриўи тийис.

*Екиншиден,* айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў айып қойылыўы ушын жеткиликли дәлиллер болғанда ғана мүмкин.

*Үшиншиден,* айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў айыпланыўшының айыбы ҳаққында ҳәм оны судқа бериў зәрүрлиги ҳаққында тергеўдиң ақырғы жуўмағын белгилемейди.[1]

Исти толық, ҳәр тәреплеме ҳәм объектив жүргизиў, айыпланыўшының қорғаныў ұқыбын сақлаў ушын шахсты айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў ўақтын таңлаў үлкен әҳмийетке ийе. Қарар шығарыў пайытына тергеў уйымлары жеткиликли дәлиллер топлаўы керек. Бирақ жынаят-процессуал нызам айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў ҳаққында қарарды шығарыў пайытын белгилемейди. Лекин, бул

[1] Жиноят процесси (Махсус қисм): дарслик. – Т.: ТДЮИ, 2003. – Б. 69-71.

ҳаққында айырым илимий көз-караслар бар. Мысалы, юрист-илимпаз А.Н.Рошаның пикиринше, айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў ҳаққында карарды шығарыў пайыты ҳаққында мәселе техникалық мәселе болып есапланады, соның ушын оны тергеўши белгилейди, деп көрсетеди[1]. Ал, юрист-илимпаз Н.А.Акинчаның болса, тактикалық көз-караслар жыйнайы жуўапкершиликке тартыў пайытын таңлаўға тәсир жасамайды, себеби ол нызам менен белгиленеди, деп көрсетип өтеди[2]. Юридика илимлери докторы, профессор З.Ф.Иноғомжанова, өз гезегинде, жынаят ислегенликте айыпланыўшының айыбын тастыйықлайтуғын жеткиликли дәлиллерди топламай турып, тергеўши шахсты айыпланыўшы ретинде тартыўға ҳақысы жоқ, деген пикир билдиреди[3]. Ҳақыйқатында да, шахсты айыпланыўшы ретинде тартыўда дәлиллер толық болыўы лазым. Пикиримше, ҳеш бир шахс дәлиллерсиз жынайый жуўапкершиликке тартылыўы мүмкин емес.

Бул жерде шахсты айыпланыўшы ретинде тартыўдың объектив тәреплери ҳаққындағы мәселе жүдә әҳмийетли болып табылады. Өз гезегинде, тергеўши шахсты айыпланыўшы ретинде тартыў ушын қандай шараятлар зәрүр деген орынлы сораў пайда болады. Бул бойынша жынаят-процессуал нызамшылыгында «жынаят ислегенликте айыпты қойыў ушын тийкар болатуғын жеткиликли дәлиллер болғанда ғана тергеўши шахсты айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў ҳаққында дәлилли қарар шығарады», деп көрсетилген.

Демек, айыпланыўшыны жуўапкершиликке тартыў ушын тергеўшиде усы шахстың жынаят ислегенлигин тастыйықлайтуғын дәлиллер болыўы тийис. Бул дәлиллер айыпты қойыў ушын жеткиликли болыўы тийис. Бул бойынша белгили илимпаз М.С.Строговичтиң айыпланыўшы ретинде

---

[1] Роша А.Н. Процессуальные и психологические начала допроса обвиняемого. – М.: АКД, 1965. – С. 7.
[2] Акинча Н.А. Подозреваемый и обвиняемый на предварительном следствии: учнбное пособие – Саратов, 1974. –Б. 31-32.
[3] Jinoyat protsessi: (umumiy qism): Yuridik institut va facultetlari talabalari uchun darslik (Z.F.Inogomjonovaning umumiy tahriri ostida). – T.: Adolat, 2007. – B. 120-127.

жуўапкершиликке тартыў менен дәслепки тергеў тамамланбайды, ал айыпланыўшының қатнасыўында даўамланады, деп келтирип өтеди[1].

Жынайы жуўапкершиликке тартыў түсинигине материаллық-ҳуқықый ҳәм жынаятлы–процессуал категориялар киреди.

Жынайы ис қозғалғаннан кейин тергеўдиң биринши басқышында тергеў жүргизетуғын шахстың бар дыққат-итибары жынаят ислеген шахсты табыў ҳәм әшкаралаўға бағдарланыўы тийис. Жынаят ислеген шахс анықланғаннан ҳәм дәлиллер топланғаннан кейин ғана жынаят-ҳуқықый ҳәм процессуал тийкарлар пайда болады.

Жынаят-процессуал әдебиятта айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў деп процессуал тәртипте жәмийетлик қәўипли қылмыстың жүз бериў фактын, бул қылмысты ислеген шахслардың анық екенлиги ҳәм усы шахстың қылмыста айыбын дәлиллеў түсиниледи. Бул дурыс анықлама болып табылады. Себеби, тергеўдиң биринши басқышында дәслепки тергеў уйымларының күш салыўлары жынаятты ислеў фактин *жеткиликли дәлиллер* жәрдеминде анықлаўға бағдарланады. Екиншиден, жынаятты ислеў фактин анықлағаннан кейин тап усы шахс жынаят ислегенин дәлиллеў керек.

«Жеткиликли дәлиллер» дегенде нени түсинемиз? Жынаят-процессуал нызамшылықта жеткиликли дәлиллер түсиниги анық ашып көрсетилмеген. Бул түсиникти анықлаў бойынша ҳәр қыйлы көз-караслар бар. Мысалы, илимпаз Я.О.Мотовилокердиң пикиринше, топланған дәлиллер тергеўшиниң жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың айыбы ҳаққында болжаўларын тийкарлаўы айып қойылыўы ушын жеткиликли[2]. Белгили илимпаз В.М.Савицкийдиң пикиринше, топланған фактлар тергеўши ушын дәлил бола алған жағдайда айыпланыўшыны жуўапкершиликке тартыўға болады[3]. Юридика илимлери докторы, профессор К.Ф.Гуценко жеткиликли

---

[1] Строгович М.С. Право обвиняемого на защиту и презумпция невиновности. – М., 1984. –С. 33.
[2] Мотовилокер Я.О. О существе дела и формах уголовного судопроизводства // Государство и право. – 1997. –№11. – С.76-77.
[3] Савицкий В.М. Прокурорский надзор за дознанием и предварительным следствиям: учебное пособие – М., 1992. –С. 191.

дәлиллер дегенде, тергеў анықлаған сондай дәлиллер фундаментин түсинемиз, олар жынаят ўақыясын ашып береди, оны ислеген шахсты анықлайды, деп көрсетип өтеди[1]. Буннан тысқары, А.П.Ульянованың пикиринше, дәлиллер сондай жағдайда жеткиликли, олар өзиниң жыйындысында ис бойынша жеткиликли жуўмақларға келиўге тийкар береди.[2] Юрист-илимпаз Э.Ф.Куцова болса, өз гезегинде, айыпты қойыў ушын тергеўшиниң жынаят болғанлығы ҳәм усы шахс тәрепинен исленгенлиги ҳаққында исеними болыўы мүмкин. Тергеўшиниң исеними ис жағдайларын пуқта, терең, ҳәр тәреплеме изертлеўге тийкарланыўы тийис, деген пикир билдиреди[3].

Солай етип, жынайы жуўапкершиликке тартыў ушын тергеўши сондай *жеткиликли дәлиллер* жыйнаўы керек, бул дәлиллер айыпланыўшыны жынаят ислегенлигинде айыплы екенлигин исендириўи тийис, яғный тергеўши жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың ҳәрекетлеринде жынаят қурамын анықлаўы керек.[4]

Жынаят исинде айыпланыўшы сыпатында қатнасыўға тартыўдың илимий ҳалатларын тийкарлаў дәўиринде «айыпты қойыў тийкарлары», «дәлиллердиң жеткиликлиги» ҳәм «жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың айыплы екенлигинде исеним» түсиниклери бир-биринен ажыратылған түрде алып қаралыўы мүмкин емес. Өз гезегинде, бул көз-карасларға байланыслы рәўиште айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў пайытына дәлиллердиң шеклери ҳаққында да мәселе пайда болады. Егер жынаят иси қозғатылған ўақытта жынаят белгилеринен дерек беретуғын мағлыўматлар жеткиликли болса, шахсты айыпланыўшы ретинде жуўапкериликке тартыў пайытына нызам тергеўшиден айыпланыўшы ретинде шахсты жуўапкершиликке тартыў ҳаққында карарда төмендегилерди көрсетиўди талап етеди: - оны дүзген ўақты ҳәм орны; - қарар ким тәрепинен

[1] Уголовной процесс: учебник. / Под общ. ред. Д.С. Каревой –М., 1968. – С. 239; Уголовный процесс: учебник / Под ред. Гуценко К.Ф. – М., 1998. –С. 233.
[2] Ульянова Л.Г. Недостаточность доказательств // Законность. – 1970. – №12. –39 б.
[3] Куцова Э.Ф. Гарантии прав личности в уголовном процессе: учебное пособие – М., 1973. – С. 151.
[4] Дубинский А.Я. Привлечение в качестве обвиняемого: учебное пособие. – Киев, 1989. –С. 14.

дүзилгенин; - айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың фамилиясын, атын ҳәм әкесиниң атын; - ўақты, орны ҳәм исленген жынаяттың басқа да жағдайларын көрсетиў менен усы шахс ислеген деп айыпланып атырған жынаяты; - усы жынаят ушын жуўапкершиликти нәзерде тутатуғын нызам.

Тергеў питкеннен кейин жынаятлы ис бойынша дәлиллеў предметине киретуғын барлық жағдайлар анықланыўы тийис.

Юрист-илимпаз Л.М.Корнееваның пикиринше, айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў төмендеги жағдайлар анықланғанда ғана мүмкин:

- жыйнайы исти қозғаўға тийкар болған қылмыслар ҳақыйқатында да орын алған;
- жыйнайы қылмыс айып қойылған шахс тәрепинен иске асырылған;
- жынайы жуўапкершиликке тартылып атырған шахстың қылмысы нызамда белгиленген жынаят қурамына сәйкес болыўы;
- жынайы жуўапкершиликти бийкарлайтуғын мағлыўматлардың болмаўы.

Демек, бул жағдайлар ҳаққында дәлиллер топланбаса, шахсты айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыўға болмайды. Айырым авторлардың, жынайы қылмыстың белгилерин квалификациялайтуғын айырым жағдайлар айып қойылғаннан кейин тексерилиўи мүмкин, деген пикирлерине қосылыўға болмайды. Мәселен, егер оғада қәўипли рецедивист тәрепинен өлтириў ямаса тонаўшылық ҳаққында мағлыўматлар болса, бул мағлыўматларды тексерместен дурыс айып қойыў, жынайы жуўапкершиликтиң тийкарын анықлаў мүмкин емес[1].

Шахсты айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыў жеткиликли дәлиллер топланғаннан кейин бирден иске асыўы керек. Бирақ жеткиликли дәлиллер топланбастан айыпланыўшы ретинде шахсты жуўапкершиликке тартыў пуқараларды дәлилсиз жуўапкершиликке тартыўға алып келиўи мүмкин. Ўақтынан бурын бундай шешимди қабыллаўдың қәўипи соннан

[1] Жогин Н.В., Фаткулин Ф.Н. Предварительное следствие. – М., 1965. –С. 181.

ибарат, бул шахсты дәлилсиз жуўапкершиликке тартыўға, оған бола процессуал мәжбүрлеў иләжларын надурыс қолланыўға алып келеди.

Айырым ўақытларда айып дәслепки тергеў питкен күнде ямаса оннан бир-еки күн бурын қойылады. Бул болса, өз гезегинде, дәслепки тергеўдиң айыпланыўшының қатнасыўысыз жүргизилиўине алып келеди ҳәм айыпланыўшыны қойылған айыптан қорғаныў мүмкиншилигинен айырылады. Бундай жағдайда тек ғана айыпланыўшы емес, ҳәттеки оның қорғаўшысы да жынаят иси бойынша қойылған айыптан қорғаныў имканиятынан айырылыўы мүмкин. Сонлықтан, дәслепки тергеўде жетерли дәлиллер ҳәм тийкарлар бар болған жағдайда, шахсты тезлик пенен айыпланыўшы сыпатында иске қатнасыўға тартыў лазым. Бул акт нызамда белгиленген дәреклерден алынған исенимли дәлиллерден турыўы тийис.

Гүман ҳәм тастыйықланбаған болжаўлар шахсты айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыўға тийкар болып хызмет етпейди. Усы көз-қарастан айыпланыўшы ретинде жуўапкершиликке тартыўдың дәлиллиги Жынаят-процессуал нызамшылықтың талапларына муўапық анықланған ҳақыйқый мағлыўматлар ретинде белгилеўге болады.[1]

Солай етип, тергеўши ис бойынша топланған дәлиллерди баҳалаў тийкарында айып қойыў ушын тийкарлар бар деген пикирге келгенде, ол шахсты айыпланыўшы ретинде дәрҳәл иске қатнасыўға тартыўы, оған айып қойыўы ҳәм оның ҳуқықларының иске асырылыўын тәмийинлеўи тийис.

---

[1] Корнеева Л.М. Привлечение к уголовной ответственности: законность и обоснованность. – М., 1971. –С.25.

# II-БАП. ЖЫНАЯТ ПРОЦЕССИНДЕ ГҮМАН ҚЫЛЫНЫЎШЫ ҲӘМ АЙЫПЛАНЫЎШЫНЫҢ КӨРСЕТПЕЛЕРИН БАҲАЛАЎ.

## §.1. Жынаят процессинде гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртиби ҳәм тийкарлары

Бүгинги күнде суд-ҳуқық системасында әмелге асырылып атырған реформалар, сол қатарда жаза системасының либералластырылыўы мәмлекетимизде қолға киритилип атырған үлкен жетискенликлерден бири. Әдиллик, суд, жынайый жаза тайынлаў системасын еркинлестириў, оның демократиялық, инсанийлық кейипке ийе болыўына ерисиў ҳалықаралық ҳуқық стандартларына жуўап берип қалмастан, сондай-ақ халқымыздың санасына ҳәм руўхый қәдириятларына, сақаўатлы тәбиятына ҳәм миллий менталитетине тән болып есапланады.

Сондай-ақ Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң дәслепки жылларында Президентимиз И.А.Каримов тәрепинен реформаларды басқышпа-басқыш әмелге асырыў ҳаққында жәриялаўға ҳәм Өзбекстанның ҳуқықый демократиялық мәмлекетке айландырыўдың дәстүри сыпатында қабыл етилген принцип әсте-ақырынлық пенен әмелге асырылып келинбекте. 2000 жылдың декабрь айында мәмлекетимизде либералластырыўдың дәстүри қабыл етилген болып, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлисиниң 2001 жыл 29 августта болып өткен екинши шақырық алтынша сессиясында суд-ҳуқық системасын либералластырыў мәселелери көрип шығылды ҳәм усы системаның жаңа басқышқа көтерилгенлиги белгиленди. Усыған муўапық Жынаят, Жынаят процессуал, ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы кодекслерине көплеген жаңа өзгерис ҳәм қосымшалар киритилди. Бул өз нәўбетинде ҳәзирги күнде еркинен айырыў жазасын тайынлаўды анағурлым, сезилерлик дәрежеде кемейттириўге алып келмекте.

Мәмлекетимизде алып барылып атырған суд-ҳуқық реформалары, сондай-ақ жаза шараларын еркинлестириў сиясаты жоқарыдағы мәселелерге

жаңаша жантасыўды талап етеди. Жынаят нызамында да, жынаят ҳуқықы теориясында да жынайый жазаның мақсетлерине оғада үлкен әҳмийет берилген. Соның ушын әмелдеги Жынаят Кодексинде жазаның мәқсетлери беккемленген болып, олар барлық жазалар сыяқлы еркинен айырыў жазасына да тийисли.

Мәмлекетимиз басшысы И.А.Каримовтың бул бағдарда - «Аўыр жаза, әсиресе пуқараларды жәмийеттен ажыратыў менен байланыслы болған жазалардың жынаятшылықтың алдын алыўдағы әҳмийетин асырып көрсетиў, орынсыз екенлигин турмыстың өзи көрсетпекте»[1] деген сөзлери ҳақыйқатқа жақын келеди. Себеби, ҳәр бир жынаят ушын тайынланған жаза шарасы илимий тийкарланған болыўы лазым. Бул болса, өз гезегинде, жынаят процессиниң лаўазымлы шахслары есапланған сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суддан гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаўда айрықша жуўапкерлиликти талап етеди.

Өзбекстан Республикасы жынаят-процессуал нызамшылығында гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртиби анық ҳәм толық рәўиште келтирип өтилген. Улыўма алғанда, гүман қылыныўшының ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртиби Жынаят-процессуал кодексиниң 85-95, 109-111 ҳәм 112-113 статьялары арқалы әмелге асырылады. Бул жерде тийкарғы итибар қарататуғын мәселеле, бул айыпланыўшы ҳәм гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўда жынаят-процессуал нызамшылық тәрепинен уқсас процессуал қағыйдалар көрсетилип өтилгенинде. Лекин, илимий изертлеў даўамында жынаят процессинде жеке мәпке ийе болған бул қатнасыўшылардың көрсетпелерин бөлип қараған мақсетке муўапық. Себеби, айыпланыўшы ҳәм гүман қылыныўшының ҳуқықлары, миннетлемелери ҳәм процессуал статуслары ҳәрқыйлы болып саналады.

---

[1] Каримов И.А. Адолат - қонун устуворлигида // Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. – Т.: Ўзбекистон, 2002. – Б. 33-36.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 112-статьясына муўапық гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў тәртиби ҳәм тийкарлары келтирип өтилген. Бул статьяда келтирилген қағыйдаға муўапық, гүман қылыныўшы өзи тәрепинен исленген жынаят ҳаққындағы көрсетпелери ҳәм айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыўы, бундай тәриздеги айыбын мойнына алыў тийисли дәлиллер жыйындысы менен тастыйықланған жағдайда ғана, оны айыплаў ушын тийкар қылып алыныўы мүмкин.

Гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы берген көрсетпелери жәрдеминде анықланған жағдайлар, айыпланыўшы өз айыбын мойнына алған жағдайда да, өзиниң айыплы екенлигин бийкар қылған жағдайда да ҳәм истиң барлық ҳалатлары менен байланыслы ҳалда басқа дәлиллер сыяқлы тексерилип шығылыныўы ҳәм баҳаланыўы лазым.

Гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелери гүўа, жәбирлениўши ҳәм басқа да шахслардың көрсетпелеринен түптен парықланады. Гүман қылыныўшының исленген жынаят ҳаққындағы көрсетпелери ҳәм айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыўы, жынаят иси бойынша қолға киргизилген барлық дәлиллер менен тастыйықланған жағдайда ғана айыплаў ушын тийкар қылып алыныўы мүмкин[1].

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының «Суд ҳукими ҳаққында»ғы 1997-жыл 2-майдағы қарарында[2] белгилеп өтилгениндей, судланыўшы тәрепинен тергеўде ямаса судда өз айыбын мойнына алыў ҳалаты олис бойынша топланған ҳәм де судда тексерилген басқа барлық дәлиллер менен толық тастыйықланған жағдайда ғана айыплаў ҳүкимин шығарыў ушын тийкар болып хызмет қылады.

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир проф. Ғ.Абдумажидов. –Т.: ТДЮИ нашриёти, 2009. - Б. 204-205.

[2] збекистон Республикаси Олий суди пленумининг «Суд ҳукми тўғрисида»ги 1997-йил 2-сентябрдаги 2-сонли қарори // збекистон Республикаси Олий суди пленуми қарорлари тўплами. I-жилд.1991-2006 й.й. – Т.:O'qituvchi, 2007. – Б. 86.

Юрист алымлар есапланған Ю.Н.Белезоров ҳәм В.В.Рябоконьлардың пикиринше, бундай тергеў ҳәрекетлериниң тийкарғы субъекти тергеўши есапланады[1].

Демек, жынаят процессинде гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаў тергеўши тәрепинен төмендеги тәртипте әмелге асырылыўы мүмкин:

- гүман қылыныўшы сораў ўақтында гүманнан қашыўға ҳәрекет етеди ҳәм сорастырыўшы ямаса тергеўшини алжастырыўға урыныўы мүмкин;
- гүман қылыныўшының берген көрсетпелери қолда бар болған процессуал имканиятлар арқалы тексерилиўи лазым.

Гүман қылыныўшының ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртибин ҳуқықый-илимий таллаўда дәлиллерге баҳа бериўдиң улыўма қағыйдаларын келтирип өтиўимиз лазым. Бул қағыйдаларға муўапық, сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд жынаят исиндеги барлық ҳалатларды айрықши итибар менен, толық, ҳәртәреплеме ҳәм қалыс көрип шығыўға тийкарланған ҳалда нызамға ҳәм ҳуқықый санаға әмел кылып өзлериниң ишки исенимлери бойынша дәлиллерге баҳа береди. Ҳәр бир дәлил иске байланыслылығы, дәлил сыпатында пайдаланыў мүмкиншилигине ҳәм исенимлилиги көз-қарасынан баҳаланыўы лазым.

Дәлиллер жынаят иси ушын әҳмийетли болған ҳалатлар ҳаққындағы жуўмақларды тастыйықлаўшы, бийкарлаўшы ямаса гүман астына алыўшы фактлер ямаса затлар ҳаққында мағлыўматларды өзинде сәўлелендирген жағдайларда ғана иске байланыслы деп тән алынады. Дәлиллердиң ис ушын әҳмийетли болыўы анық жуўмақлар шығарыўда ҳәм бир тоқтамға келиўде әҳмийетли болып есапланады. Иске ҳешқандай байланысы болмаған мағлыўмат дәлил деп табылмайды ҳәм юридик күшке ийе болмайды[2].

Мағлыўматлардың дәлил сыпатында пайдаланыў мүмкиншилигине де айрықша итибар қаратыў лазым. Бул нормаға муўапық, дәлиллер

---

[1] Белезоров Ю.Н., Рябоконь В.В. Производство следственных действий: учебное пособие. – М.: Изд-во МГУ, 1990. – С. 14.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир проф. Ғ.Абдумажидов. –Т.: ТДЮИ нашриёти, 2009. - Б. 180-181.

белгиленген тәртипте топланған ҳәм Жынаят-процессуал кодексиниң 88, 90, 92-94 статьяларында белгиленген тәртипке муўапық болсағана, оларды исте пайдаланыў мүмкин болған дәлиллер (*мақбул*) деп жүритиледи. Яғный, дәлиллеў ўақтында пуқаралар, кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлердиң ҳуқық ҳәм нызамлы мәплериниң қорғаў, дәлиллердиң баяннамаларда белгилеў, дәлиллерди белгилеўдиң туўрылығын тастыйықлаў, баяннамаға қол қойыўдан бас тартыў ямаса қол қоя алмаслық ҳалатларын тастыйықлаў ҳәм дәлиллерди тексериў талаплары сақланған жағдайларда қолға киргизилген мағлыўматларды ғана исте дәлил сыпатында пайдаланыў мүмкин.

Мағлыўматларды исте дәлил сыпатында пайдаланыў мүмкин болыўы ушын дәлил нызамда белгиленген тәртипте ҳәм усылда алынған ҳәм процессуал рәсмийлестирилген болыўы лазым.

Буның ушын:

- дәлиллерди белгилеўдиң ҳақыйқатлығын тастыйықлаў механизмин сақлаў. Соның ишинде, дәлиллерди баяннамаларда белгилеп өтиў лазым;
- баяннамаларды имзалаў шәртлерин сақлаў;
- топланған дәлиллерди тексериў ҳәм баҳалаў шараларын көриў лазым.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының «Дәлиллерди дәлил сыпатында исте пайдаланыў мүмкин екенлиги туўралы жынаят процессуал нызамы нормаларын қоллаўдың айырым мәселелери ҳаққында»ғы[1] 2004-жыл 24-сентябрь 12-санлы қарары толығы менен жынаят исинде дәлиллерди пайдаланыў тәртибине қаратылған.

Бул қарардың кирисиў бөлиминде келтирип өтилгениндей, жынаят-процессуал нызамының Өзбекстан Республикасы Конституциясында[2] беккемленген тийкарғы принципи – айыпсызлық презумпциясына көре, шахс оның жынаят ислегенликте айыплылығы нызамде белгиленген тәрттипте

[1] Бул ҳаққында толығырақ қараң: Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленумининг «Далиллар мақбуллигига оид жиноят-процессуал қонуни нормаларини қўллашнинг айрим масалалари тўғрисида»ги 2004-йил 24-сентябрдаги 12-сонли қарори // Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленуми қарорлари тўплами. II-жилд. 1991-2006 й.й. – Т.:O'qituvchi, 2007. – Б. 188-191.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2008. – 40 б.

дәлилленбегенше ҳәм нызамлы күшине кирген суд ҳукми менен анықланбағанша айыпсыз есапланады[1]. Сонлықтан да, гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаў дәўиринде сорастырыўшы ҳәм тергеўши айыпсызлық презумпциясын басшылыққа алыўы шәрт.

Сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд тәрепинен нызамды анық орынлаўдан ҳәм оны сақлаўдан ҳәрқандай шегиниў, ол қандай себепке көре жүз бергенине қарамастан, бкндай жоллар менен алынған дәлиллер жарамсыз (номақбул) деп табылыўына алып келиўи[2] бул қарарда анық көрсетип өтилген.

Жарамсыз дәлиллер юридик күщке ийе болмай, олардан Жынаят-процессуал кодексиниң 82-84 статьяларында нәзерде тутылған ҳалатларды дәлиллеў ушын пайдаланыў ҳәмде оларды айыплаў тийкарына қойыў мүмкин емес.

Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының «Дәлиллерди дәлил сыпатында исте пайдаланыў мүмкин екенлиги туўралы жынаят процессуал нызамы нормаларын қоллаўдың айырым мәселелери ҳаққында»ғы 2004-жыл 24-сентябрь 12-санлы қарарынан гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаў дәўиринде төмендегише жуўмақларға келиў мүмкин:

- гүман қылыныўшының көрсетпелери жынаят иси бойынша анық дәлил есапланады ҳәм сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд бул дәлиллерди баҳалаўда жынаят-процессуал нызамшылық талапларының сақланғанлығына итибар қаратыў лазым;
- сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўда ишки исенимин жынаят-процессуал нызамшылық

---

[1] Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленумининг «Далиллар мақбуллигига оид жиноят-процессуал қонуни нормаларини қўллашнинг айрим масалалари тўғрисида»ги 2004-йил 24-сентябрдаги 12-сонли қарори // Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленуми қарорлари тўплами. II-жилд.1991-2006 й.й. – Т.:O'qituvchi, 2007. – Б. 188.

[2] Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленумининг «Далиллар мақбуллигига оид жиноят-процессуал қонуни нормаларини қўллашнинг айрим масалалари тўғрисида»ги 2004-йил 24-сентябрдаги 12-сонли қарори // Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 й.й. – Т.:O'qituvchi, 2007. – Б. 189.

тәрепинен талап етилетуғын логикалық избе-излик ҳәм мақсетке муўапықлылық шәртлерин сақлаўы лазым.

Жынаят-процессуал кодексиниң 110-статьясына муўапық, сорастырыў ҳәм дәслепки тергеў өткизиў ўақтында гүман қылыныўшы, айыпланыўшы усланған, сораў қылыў ушын шақырылған, қамаққа алынған ямаса мәжбүрий келтирилгеннен кейин дәрҳал ямаса жигирма төрт саат ишинде сораў қылыныўы керек. Сондай-ақ, өз айыбын мойнына алыў ҳаққында тийисли мәмлекетлик органларға мүрәжат қылған шахслар да гүман қылыныўшы есапланғанлығы себепли, олар да дәрҳал ямаса жигирма төрт саат мүддеттен кешиктирмей сорастырыўшы ямаса тергеўши тәрепинен сораў қылыныў лазым[1]. Сораў қылынып атырған шахслар болса, өз гезегинде, сорастырыўшы хәм тергеўшиге дәслепки көрсетпелерин бере баслайды. Бул болса гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртибиниң басланғанлығынан дерек береди.

Гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўда дәлиллеўдиң улыўма шәртлеринен келип шығыў лазым. Дәлиллеўдиң улыўма шәртлери Жынаят-процессуал кодексиниң IX-бабында анық көрсетип өтилген.

Дәлиллеў, бул – жынаят исин нызамлы, тийкарланған ҳәм әдалатлы шешиў ушын әҳмийетке ийе болған ҳалатлар ҳаққында ҳақыйқатты анықлаў мақстинде дәлиллерди топлаў, тексериў ҳәм баҳалаўдан ибарат. Сонлықтан, жынаят иси бойынша әҳмийетли деп саналған ҳәр бир халат толық, ҳәртәреплеме ҳәм қалыс рәўиште тексерилиўи шәрт. Бунда гөзленген тийкарғы мақсет ҳақыйқатты анықлаўдан ибарат. Ҳақыйқатты анықлаў болса, өз гезегинде, дәлиллеў процесси арқалы әмелге асырылады[2].

Дәслепки тергеў дәўиринде гүман қылыныўшы менен көбирек ислесетуғын ҳәм оның менен процессуал қатнасықларда көбирек болатуғын жынаят процессиниң лаўазымлы шахслары сорастырыўшы ҳәм тергеўши

---

[1] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир проф. Ғ.Абдумажидов. –Т.: ТДЮИ нашриёти, 2009. - Б. 202.
[2] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир проф. Ғ.Абдумажидов. –Т.: ТДЮИ нашриёти, 2009. - Б. 167.

болып есапланады. Сонлықтан да, гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўда жуўапкершилик усы лаўазымлы шахсларға жүкленеди.

Бул жерде келтирип өтилгениндей, сорастырыўшы ямаса тергеўши гүман қылыныўшының берген көрсетпелерин ҳәртәреплеме толық ҳәм тийкарланған тәртипте тексерип шығыўы лазым. Себеби, ҳәртәреплеме толық тексерилген ҳәм ҳақыйқатлыққа сәйкес келетуғын көрсетпелер ғана дәслепки тергеў дәўиринде дәлил сыпатында алып қаралыўы мақсетке муўапық.

Демек, жынаят процессинде гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаў дәўиринде сорастырыўшы ҳәм тергеўшиден төмендегише сыпатлар талап етиледи:

- гүман қылыныўшы, бул келешекте айыпланыўшы сыпатында иске қатнастырылыўға тартылытуғын шахс болғанлықтан жалған мағлыўматлар келтирип өтиўи мүмкин. Сонлықтан, гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўда оның ҳәрбир көрсетпесиниң ҳақыйқатлыққа сәйкес келиўин тексериў;
- гүман қылыныўшы сораў қылыў дәўиринде көрсетпе берип атырған ўақытта оның руўҳый ҳәм психологиялық жағдайына айрықша итибар қаратыў;
- гүман қылыныўшының сораў қылыў дәўириндеги өзин тутыўына итибар қаратыў;
- гүман қылыныўшының Жынаят кодексиниң қайсы статьясы бойынша гүман қылынып атырғанлығынан келип шығып, оның шахсына итибарға алыў.

Жоқарыда көрсетип өткенимиздей, сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд жынаят-процессуал нызамшылық талаплары бойынша гүман қылыныўшының көрсетпелерин алыў, оны сораў қылыў ҳәм гүман қылыныўшының көрсетпелери тийкарында дәлиллерды топлаўда маглыўматларды исте дәлил сыпатында пайдаланыўға мүмкинлиги ҳаққындағы талапларды (мақбуллик) толық сақлаўы лазым. Усы мүнәсибет

пенен Өзбекстан Республикасы Жоқарғы суды Пленумының «Дәлиллерди дәлил сыпатында исте пайдаланыў мүмкин екенлиги туўралы жынаят процессуал нызамы нормаларын қоллаўдың айырым мәселелери ҳаққында»ғы қарарында қандай дәлиллер жарамсыз деп табылыўы ҳәм оларды дәлиллеўде пайдаланыў мүмкин емеслиги көрсетип өтилген.

Дәлиллердиң жарамсызлығы шәртлери төмендегилерден ибарат:

- дәлил тийисли субъект тәрепинен, яғный дәлиллди алыў менен байланыслы болған процессуал ҳәрекетлерди өткериўге ўәкилликли болған лаўазымлы шахс тәрепинен алынған болыўы;
- фактқа тийисли мағлыўматлар тек ғана Жынаят-процессуал кодексиниң 81-статьясының екинши бөлиминде белгилеп өтилген дереклерден алынған болыўы;
- дәлил оны алыў менен байланыслы процессуал ҳәрекетлерди өткериўге тийисли қағыйдалар ҳәм тәртипке бойсынған ҳалда алынған болыўы;
- дәлилди алыўда тергеў ҳәм суд ҳәрекетлери процесси ҳәм нәтийжелериниң белгиленип өтилиўине тийисли болған барлық талапларына әмел қылынған болыўы шәрт.

Жоқарыда санап өтилген шәртлердиң қәлеген биреўиниң бузылыўы ямаса оған әмел қылынбаўы ис бойынша алынған дәлиллердиң жарамсыз деп табылыўына алып келеди.

Улыўма алғанда, гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалааў ол сораў қылынып болынғаннан соң сорастырыўшы ямаса тергеўши тәрепинен әмелге асырылады. Гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўда оның сораў нәтийжесинде берген көрсетпелерин сораў қылыў баяннамасында белгилеп барыў лазым. Бул болса жынаят процессиниң ғәрезсиз басқышы болған дәслепки тергеўде ҳақыйқаттың анықланыўына хызмет етеди. Бул бойынша ҳуқықтаныўшы алым А.Давлетов төмендегише пикир билдиреди: «Ҳақыйқатты анықлаў ушын жынаят-процессуал нызамшылығының талапларына муўапық, жынаят исин жүргизиўде ис бойынша дәлиллениўи

лазым болған ҳалатлар дыққат-итибар менен, толық ҳәм қалыс рәўиште тексерилиўи лазым. Дәлиллениўи лазым болған ҳалатлар жынаят процессиниң барлық бакышларында, жынаяттың қандай квалификация қылыныўына қарамастан, барлық жынаятлар ушын олар улыўма қағыйда есапланып, олардың ҳешбири дәслепки тергеўде дәлилленбестен суд мәжилисине қалдырылыўы мүмкин емес»[1]. Ҳақыйқатында да ҳуқықтаныўшы алым, мәмлекетимиз прокуратурасы системасында бирнеше жыл нәтийжели хызмет көрсеткен А.Давлетов тәрепинен билдирилген бул пикир жынаят-процессуал нызамшылықтың сақланыўына ҳәм дәслепки тергеў даўамында сорастырыўшы ҳәм тергеўши тәрепинен гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўда өз әҳмийетлилигине ийе.

Гүман қылыныўшының ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаўда айырым ҳуқықтаныўшы алымлар дәслепки тергеўдиң нәтижелилиги менен байланыстырады. Мысалы, ҳуқықтаныўшы алым Н.Хайриев бул бойынша төмендегише пикирге келген: «Дәслепки тергеўдиң нәтийжелилигине жынаят исиниң барлық жағдайларын ҳәртәреплеме, толық ҳәм қалыс рәўиште тексериў, айыпланыўшыны әшкара ететуғын ҳалатларды да, оны ақлайтуғын ҳалатларды да қалыс рәўиште анықлаў жолы менен ғана ерисиў мүмкин. Тергеўши көп санлы ҳәм узақ даўам ететуғын сораўлар ўақтында айыпланыўшы ҳәм гүман қылыныўшыға ҳәр түрли тәсир шараларын қолласа, оны көндириўге ямаса қорқытыўға ҳәрекет қылса, бул тергеўшиниң белсендилилигинен ҳәм тергеўдиң нәтийжелилигинен дерек бермейди. Себеби бул ўақыт ишинде исти тергеў қылыў ушын керек болған ең әҳмийетли ҳәрекетлер: қыдырыў, дәлиллер топлаў, гүман қылыныўшы ямаса айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў, оларды ҳәртәреплеме, толық ҳәм қалыс рәўиште тексериў, ис бойынша ҳәр түрли версияларды тексериў имканиятынан айырылады»[2].

---

[1] Давлетов А. Жиноят процесси: далилларга баҳо бериш // Ҳуқуқ ва бурч. - №6. - 2009. - Б. 44.
[2] Хайриев Н. Дастлабки терговда ҳақиқатни аниқлаш принципини таъминлаш муаммолари // ТДЮИ Ахборотномаси. - №2. - 2010. - Б. 139-141.

Гүман қылыныўшы шахстың соңынан айыпланыўшы сыпатында жынайый жуўапкершиликке тартылыўы оның айыпланыўшы сыпатында көрсетпелер бериўин бийкар етпейди, керисинше, буны талап қылады. Егер гүман тастыйықланбаса, гүман қылыныўшы гүўаға айланса, соңынан ол гүўа сыпатында көрсетпелер береди. Ҳуқықтаныўшы алым Д.Давудова болса, өз гезегинде, бундай жағдайда сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ямаса суд буннан былай гүман қылыныўшы, айыпланыўшы ҳәм гүўаның көрсетпелеринен парықланатуғын басқа дәлиллер дереклерине ийе болады, деп пикир билдирип өтеди[1]. Ҳақыйқатында да, гүман қылыныўшының илгери берген көрсетпелери бундай жағдайларда өз әҳмийетин жоғалтпайды. Олар жынаят иси бойынша топланған бака барлық дәлиллер менен биргеликте изертленеди ҳәм баҳаланады.

Әлбетте, гүман қылыныўшы ямаса айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў пайытында тергеўши ямаса сорастырыўшы жынаят исиниң барлық жағдайларын ҳәртәреплеме, толық ҳәм қалыс рәўиште тексериўи лазым. Бул болса, өз гезегинде, инсанийлық принциплерине тийкарланған жынаят-процессуал нызамшылығымызда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң, және олардың нызамлы мәплериниң толық сақланыўына хызмет етеди.

## §.2. Жынаят процессинде айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртиби

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримовтың 2010-жыл 12-ноябрь күнги Өзбекстан Республикасы Олий Мәжилиси Сенаты ҳәм Нызамшылық палатасының қоспа мәжилисиндеги «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў Концепциясы»[2] атлы баянатында елимиз

[1] Давудова Д. Гумон қилинувчи ва айбланувчини сўроқ қилиш // Ёш олимлар илмий мақолалари тўплами. 2/2009. – Т.: ТДЮИ. – Б. 112.
[2] Каримов И.А. Мамлакатимизда демократикислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси / Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2010 йил 12-ноябрдаги

басшысы мәмлекетимизде ҳуқықый тәлим ҳәм билимлендириў, жәмийетте ҳуқықый билимлер үгит-нәсиятын түпкиликли жақсылаўға бағдарланған мақсетли кең көлемли ис-илажлар бағдарламасын ислеп шығыў зәрүрлигине итибар қаратты. Ҳақыйқатында да, жәмийеттиң ҳуқықый санасы ҳәм мәмлекетте ҳуқықый тәлимди жетилистириў илажларының түпкиликли рәўиште жақсылыўға бағдарланған илажлар халықтың ҳуқықый саўатын буннан да былай жетилистириўине ҳәм ҳуқықый мәденияттың раўажланыўына хызмет етеди. Соның менен бир қатарда, бул ис-илажлар елимизде әмелге асырылып атырған суд-ҳуқық реформаларының қаншелли дәрежеде әҳмийетли екенлигин де көрсетип береди.

Ҳуқықый-демократиялық мәмлекетимиздиң нызам шығарыўшы ҳәкимияты тәрепинен қабыл етилип атырған ҳәр қандай нызам ямаса ҳуқықый хүжжетлердиң баслы ўазыйпалары пуқараларға ҳуқықый шараят жаратыў ҳәм белгили бир саланы ҳуқықый тәртипке салыўдан ибарат. Нызам талапларының өз ўақтында әмелге асырылыўы жәмийетимиздиң иркинишсиз алға илгерилиўине хызмет етеди. Бул болса пуқараларымыздың ҳуқықый саўатлылығына ҳәм ҳуқықый мәдениятының қаншелли дәрежеде жоқары екенлигине байланыслы. Ҳәр бир адамның өз ҳуқық ҳәм миннетлемелерин терең түсиниўи, булар тийкарында мәмлекетимиздиң сиясий ҳәм ҳуқықый тараўларына қатнасыўы демократиялық жәмийеттиң әҳмийетли көринислеринен бири болып есапланады. Өз гезегинде бундай қайырли servicесler мәмлекетимиз ҳуқық тараўында инсан, оның ҳуқық ҳәм еркинлириниң сақланыўына хызмет етиўи сөзсиз.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 112-статьясына муўапық гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў тәртиби ҳәм тийкарлары келтирип өтилген. Айрықша атап көрсетиўимиз тийис болған мәселеле соннан ибарат, жынаят-процессуал

---

Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенати қўшма мажлисидаги нутқи // Халқ сўзи, 2010 йил 13 ноябрь, № 220 (5135).

нызамшылығы бойынша гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин бахалаў уқсас процессуал нормалар тийкарында әмелге асырылады. Сондай-ақ, жоқарыда келтирип өткенимиздей, айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыўы, бундай тәриздеги айыбын мойнына алыў тийисли дәлиллер жыйындысы менен тастыйықланған жағдайда ғана, оны айыплаў ушын тийкар қылып алыныўы мүмкин.

Айыпланыўшы өзине қойылған айыплаўлар бойынша көрсетпелер берер екен, оның көрсетпелеринде баян қылынған пикирлер сорастырыўшы ҳәм тергеўшини алжастырыў руўҳында болыўы мүмкинлигин ҳеш қашан нәзерден шетте қалдырмаў керек.

Жынаят процессинде айыпланыўшының көрсетпелерине баҳалаў гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаў тәртибинен тек ғана айыплаў мәслелери бойынша ажыралып турады. Бунық себеби, гүман қылыныўшы гүманнан қорғалады, айыпланыўшы болса айыптан қорғалады.

Өзбекстан Республикасы Жынаят-процессуал кодексиниң 113-статьясына айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыў ҳаққындағы арзы ҳәм оның менен ислесиў тәртиби келтирип өтилген.

Айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыў ҳаққындағы арзасы – бул арза бериўшиниң өзи ислеген жынаяты ҳаққындағы ҳәм сол жынаятты ислеўде оған гүман қылынбастан ҳәм айыплаў жәрия етилместен алдын берген хабары болып есапланады.

Айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыў ҳаққындағы арзасы аўызеки ямаса жазба рәўиште болыўы мүмкин. Сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ямаса суд аўызеки хабарды баяннамада белгилейди, оған арза бериўшиниң шахсына тийисли мағлыўматлар киритиледи  ҳәм онда арзаның мазмуны биринши шахс тәрепинен баян етиледи. Баяннамаға арза бериўши ҳәм сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ямаса суд қол қояды.

Айыбын өз мойнына алыў ҳаққындағы арза Жынаят-процессуал кодексиниң 112-статьясында көрсетилген қағыйдалар бойынша баҳаланады.

Айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыў ҳаққындағы арзасының ең тийкарғы шәрти бул оның ықтыялы екенлигинде. Шахс жынаят ислеўде гүман қылынбастан ҳәм оған айыплаў жәрия етилместен алдын ҳуқық қорғаў уйымларына өзи тәрепинен исленген жынаят ҳаққында хабар, яғный өз айыбын мойнына алыў ҳаққындағы арза менен мүрәжаат етеди.[1]

Айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыў ҳаққындағы арзасы сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ямаса суд тәрепинен анықлагән бака барля дәлиллер менен биргеликте баҳаланады ҳәм айыбын мойнына алыў қолда бар болған дәлиллер жыйындысы менен тастыйықланған жағдайда ғана айыплаў ушын тийкар етип алыныўы мүмкин. Айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыў ҳаққындағы арзасы сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ямаса судты жынаят исиниң барлық ҳалатларын анықлаў мәжбүриятынан азат етпейди.

Айыбын мойнына алыўда тергеўши ис бойынша барлық әҳмийетли ҳалатларды итибарға алыўы лазым. Гейде айырым шахслардың мәплерин гөзлеп, өзлери ислемеген жынаятлары бойынша айыпты өз мойнына алыў ҳаллары ушырасыўы мүмкин (мысалы, әкениң өз перзентиниң айыбын мойнына алыўы ҳ.т.б.).

Демек, айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыў ҳаққындағы арзасы менен ҳуқық қорғаў уйымларына мүрәжат еткен жағдайда оның берген көрсетпелери төмендегише баҳаланыўы мүмкин:

- өз айыбын мойнына алған шахстың көрсетпелери имканы барынша тезирек тексерип көриледи ҳәм оның нәтийжелери жынаят орнын көзден кешириў баяннамасында келтирилип өтиледи;
- жынаят орнын көзден кешириў тергеў ҳәрекети өткизилип болынғаннан соң ғана, егер жынаят белгилери бар болса, жынаят иси қозғатылыўы мүмкин.

[1] Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар. Масъул муҳаррир проф. Ғ.Абдумажидов. –Т.: ТДЮИ нашриёти, 2009. - Б. 205-206.

Бул тийкарынан алғанда өз айыбын мойнына алған шахслардың көрсетпелерин баҳалаў тәртиби есапланады. Лекин, жынаят ислеген шахслар көпшилик ҳалатларда өз айыбын мойнына алып, ҳуқық қорғаў уйымларына мүрәжаат ете бермейди. Бундай шахслар тийисли тәртипте, дәслебинде гүман қылыныўшы сыпатында, соңынан айыпланыўшы сыпатында иске қатнастырылыўға тартылады.

Улыўма алғанда, айыпланыўшы өз көрсетпелерин сораў қылыў ўақтында баян етеди, соңынан оның көрсетпелери баҳаланады.

Айыпланыўшыны сораў қылыў жынаят иси бойынша дәлиллеў қуралларының бири есапланған көрсетпелер алыў усылы есапланады. Соның менен бирге, айыпланыўшы тәрепинен көрсетпелер бериўқойылып атырған айыптан қорғаныўдың ең бир тәсиршең ҳәм нәтийжели усылы болып табылады. Айыпланыўшы жынаят-процессуал ҳарекетлердиң тийкарғы субъектлериниң бири болып, өзин-өзи қорғаў ҳуқықынан пайдаланған ҳалда сораў ўақтында оған қойылып атырған айыпты бийкар ететуғын ямаса жуўапкершиликти жеңиллестиретуғын тийкарларды келтириў, қосымша дәлиллерди талап қылып алыў ҳаққында илтиас қылыўға ҳақылы. Айыпланыўшыны сораў қылыў ўақтында тергеўши тек ғана оның жынаяттағы қатнасы емес, бәлким ис бойынша айыпланыўшыға мәлим болған ҳалатлар ҳәм дәлиллер ҳаққында мағлыўмат алады. Айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў ҳәм ҳуқықый таллаў тергеўшиге дәлиллердиң жаңа дереклерин анықлаўда, ис бойынша алдыға сүрилген болжаўларды тексериўде ҳәм жынаят иси бойынша жуўмақлардың туўры ямаса натуўры екенлигин тастыйықлаўға жәрдем береди[1].

Айыпланыўшының көрсетпелери дәлиллер дереклериниң бири саналады. Айыпланыўшының көрсетпелери жәмийетлик қәўипли ҳәрекеттиң жүз берген-бермегенлиги, бул ҳәрекетлерди ислеген шахстың айыплы-айыпсызлығы ҳаққында анық мағлыўматлар ҳәм истиң туўры шешилиўинде

[1] Давудова Д. Гумон қилинувчи ва айбланувчини сўроқ қилиш // Ёш олимлар илмий мақолалари тўплами. 2/2009. – Т.: ТДЮИ. – Б. 110.

әҳмийетке ийе болған басқа ҳалатларды анықлаўда дәлил дереклери арасында әҳмийетли орынға ийе.

Улыўма алғанда, жынаят исин жүргизиўде тийкарғы лаўазымлы шахслардан бири, бул тергеўши есапланады. Тергеўши тергеў бағдарын белгилеўши қарарларды қабыл етиў менен бирге тергеў ҳәм басқа да процессуал ҳәрекетлерди, сондай-ақ тәреплер позициясын қәлиплестириў ушын әҳмийетли болған ҳәрекетлерди де жеке өзи әмелге асырыўы керек. Оларды өткериў ушын басқа бир шахсларға тапсырма сыпатында бериўге болмайды. Бундай тергеў ҳәм процессуал ҳәрекетлердиң ең тийкарғылары айыпланыўшыны сораў қылыў болып табылады.

Тергеўшиниң айып жәриялаўы ҳәм айыпланыўшыны сораў қылыўда туўрыдан-туўры қатнасыўы айыпланыўшының көрсетпелерине баҳа бериў ҳәм тергеў версияларын жүритиў ушын ишки исенимди қалиплестириўге жәрдем береди[1].

Жынаят-процессуал нызамшылығына муўапық айыпланыўшының көрсетпелери дәлиллеў қуралы есапланып, оның көрсетпелериндеги анық мағлыўматлар дәлил дәрежесине ийе болады. Ҳуқықтаныўшы алым Д.Давудованың пикиринше, айыпланыўшының көрсетпелери бойынша нызамда белгиленген тәртипте жынаят исиндеги дәлиллениўи лазым болған ҳалатлар анықланады[2].

Өзиниң айрықша процессуал жағдайына көре айыпланыўшы өз көрсетпелеринде ҳақыйқый мағлыўматларды баян қылыў менен шекленбейди. Айыпланыўшы оларды беккемлеў ушын дәлиллер ямаса ўәжлер келтиреди, басқа шахслар тәрепинен билдирилген мағлыўматлар бойынша, өзине қойылған айыплаў менен байланыслы болған факт, ҳалат, жағдай ҳәм ҳәдийселерге өз пикирлерин билдиреди. Булар болса, өз

---

[1] Ҳотамов Ҳ. Айб эълон қилиш тушунчаси // Фан ва ёшлар. 3-2009. – Т.: ТДЮИ. – Б. 101-102.

[2] Давудова Д. Гумон қилинувчи ва айбланувчини сўроқ қилиш // Ёш олимлар илмий мақолалари тўплами. 2/2009. – Т.: ТДЮИ. – Б. 111.

гезегинде, сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ямаса суд тәрепинен анық баҳаланып барылыўы лазым.

## Жуўмақлаў

Өзбекстан Республикасы жынаят-процессуал нызамшылығында гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртиби анық ҳәм толық рәўиште келтирип өтилген. Улыўма алғанда, гүман қылыныўшының ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртиби Жынаят-процессуал кодексиниң 85-95, 109-111 ҳәм 112-113 статьялары арқалы әмелге асырылады. Бул жерде тийкарғы итибар қарататуғын мәселеле, бул айыпланыўшы ҳәм гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўда жынаят-процессуал нызамшылық тәрепинен уқсас процессуал қағыйдалар көрсетилип өтилгенинде.

Жынаят-процессуал кодексиниң 112-статьясына муўапық гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў тәртиби ҳәм тийкарлары келтирип өтилген. Бул статьяда келтирилген қағыйдаға муўапық, гүман қылыныўшы өзи тәрепинен исленген жынаят ҳаққындағы көрсетпелери ҳәм айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыўы, бундай тәриздеги айыбын мойнына алыў тийисли дәлиллер жыйындысы менен тастыйықланған жағдайда ғана, оны айыплаў ушын тийкар қылып алыныўы мүмкин.

Улыўма алғанда, гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшы берген көрсетпелери жәрдеминде анықланған жағдайлар, айыпланыўшы өз айыбын мойнына алған жағдайда да, өзиниң айыплы екенлигин бийкар қылған жағдайда да ҳәм истиң барлық ҳалатлары менен байланыслы ҳалда басқа дәлиллер сыяқлы тексерилип шығылыныўы ҳәм баҳаланыўы лазым.

Айрықша атап өтиўимиз тийис, гүман қылыныўшы ҳәм айыпланыўшының көрсетпелери гүўа, жәбирлениўши ҳәм басқа да шахслардың көрсетпелеринен түптен парықланады. Гүман қылыныўшының исленген жынаят ҳаққындағы көрсетпелери ҳәм айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыўы, жынаят иси бойынша қолға киргизилген барлық

дәлиллер менен тастыйықланған жағдайда ғана айыплаў ушын тийкар қылып алыныўы мүмкин.

Жынаят процессинде гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаў тергеўши тәрепинен төмендеги тәртипте әмелге асырылыўы мүмкин:

- гүман қылыныўшы сораў ўақтында гүманнан қашыўға ҳәрекет етеди ҳәм сорастырыўшы ямаса тергеўшини алжастырыўға урыныўы мүмкин;
- гүман қылыныўшының берген көрсетпелери қолда бар болған процессуал имканиятлар арқалы тексерилиўи лазым.

Гүман қылыныўшының ҳәм айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаўдың процессуал тәртибин ҳуқықый-илимий таллаўда дәлиллерге баҳа бериўдиң улыўма қағыйдаларын келтирип өтиўимиз лазым. Бул қағыйдаларға муўапық, сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ҳәм суд жынаят исиндеги барлық ҳалатларды айрықши итибар менен, толық, ҳәртәреплеме ҳәм қалыс көрип шығыўға тийкарланған ҳалда нызамға ҳәм ҳуқықый санаға әмел кылып өзлериниң ишки исенимлери бойынша дәлиллерге баҳа береди. Ҳәр бир дәлил иске байланыслылығы, дәлил сыпатында пайдаланыў мүмкиншилигине ҳәм исенимлилиги көз-қарасынан баҳаланыўы лазым.

Мағлыўматлардың дәлил сыпатында пайдаланыў мүмкиншилигине де айрықша итибар қаратыў лазым. Бул нормаға муўапық, дәлиллер белгиленген тәртипте топланған ҳәм Жынаят-процессуал кодексиниң 88, 90, 92-94 статьяларында белгиленген тәртипке муўапық болсағана, оларды исте пайдаланыў мүмкин болған дәлиллер (мақбул) деп жүритиледи. Яғный, дәлиллеў ўақтында пуқаралар, кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлердиң ҳуқық ҳәм нызамлы мәплериниң қорғаў, дәлиллердиң баяннамаларда белгилеў, дәлиллерди белгилеўдиң туўрылығын тастыйықлаў, баяннамаға қол қойыўдан бас тартыў ямаса қол қоя алмаслық ҳалатларын тастыйықлаў ҳәм дәлиллерди тексериў талаплары сақланған жағдайларда қолға киргизилген мағлыўматларды ғана исте дәлил сыпатында пайдаланыў мүмкин.

Жынаят процессинде гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаў дәўиринде сорастырыўшы ҳәм тергеўшиден төмендегише сыпатлар талап етиледи:

- гүман қылыныўшы, бул келешекте айыпланыўшы сыпатында иске қатнастырылыўға тартылытуғын шахс болғанлықтан жалған мағлыўматлар келтирип өтиўи мүмкин. Сонлықтан, гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаўда оның ҳәрбир көрсетпесиниң ҳақыйқатлыққа сәйкес келиўин тексериў;
- гүман қылыныўшы сораў қылыў дәўиринде көрсетпе берип атырған ўақытта оның руўҳый ҳәм психологиялық жағдайына айрықша итибар қаратыў;
- гүман қылыныўшының сораў қылыў дәўириндеги өзин тутыўына итибар қаратыў;
- гүман қылыныўшының Жынаят кодексиниң қайсы статьясы бойынша гүман қылынып атырғанлығынан келип шығып, оның шахсына итибарға алыў.

Айыпланыўшы өзине қойылған айыплаўлар бойынша көрсетпелер берер екен, оның көрсетпелеринде баян қылынған пикирлер сорастырыўшы ҳәм тергеўшини алжастырыў руўҳында болыўы мүмкинлигин ҳеш қашан нәзерден шетте қалдырмаў керек. Жынаят процессинде айыпланыўшының көрсетпелерине баҳалаў гүман қылыныўшының көрсетпелерин баҳалаў тәртибинен тек ғана айыплаў мәселелери бойынша ажыралып турады. Буның себеби, гүман қылыныўшы гүманнан қорғалады, айыпланыўшы болса айыптан қорғалады.

Айырым жағдайларда шахс өз айыбын мойнына алыў ҳаққында арза менен мүрәжаат етеди. Айыбын мойнына алыўда тергеўши ис бойынша барлық әҳмийетли ҳалатларды итибарға алыўы лазым. Гейде айырым шахслардың мәплерин гөзлеп, өзлери ислемеген жынаятлары бойынша айыпты өз мойнына алыў ҳаллары ушырасыўы мүмкин (мысалы, әкениң өз перзентиниң айыбын мойнына алыўы ҳ.т.б.).

Демек, айыпланыўшының өз айыбын мойнына алыў ҳаққындағы арзасы менен ҳуқық қорғаў уйымларына мүрәжат еткен жағдайда оның берген көрсетпелери төмендегише баҳаланыўы мүмкин:

- өз айыбын мойнына алған шахстың көрсетпелери имканы барынша тезирек тексерип көриледи ҳәм оның нәтийжелери жынаят орнын көзден кешириў баяннамасында келтирилип өтиледи;
- жынаят орнын көзден кешириў тергеў ҳәрекети өткизилип болынғаннан соң ғана, егер жынаят белгилери бар болса, жынаят иси қозғатылыўы мүмкин.

Бул тийкарынан алғанда өз айыбын мойнына алған шахслардың көрсетпелерин баҳалаў тәртиби есапланады. Лекин, жынаят ислеген шахслар көпшилик ҳалатларда өз айыбын мойнына алып, ҳуқық қорғаў уйымларына мүрәжаат ете бермейди. Бундай шахслар тийисли тәртипте, дәслебинде гүман қылыныўшы сыпатында, соңынан айыпланыўшы сыпатында иске қатнастырылыўға тартылады.

Улыўма алғанда, айыпланыўшы өз көрсетпелерин сораў қылыў ўақтында баян етеди, соңынан оның көрсетпелери баҳаланады.

Өзиниң айрықша процессуал жағдайына көре айыпланыўшы өз көрсетпелеринде ҳақыйқый мағлыўматларды баян қылыў менен шекленбейди. Айыпланыўшы оларды беккемлеў ушын дәлиллер ямаса ўәжлер келтиреди, басқа шахслар тәрепинен билдирилген мағлыўматлар бойынша, өзине қойылған айыплаў менен байланыслы болған факт, ҳалат, жағдай ҳәм ҳәдийселерге өз пикирлерин билдиреди. Булар болса, өз гезегинде, сорастырыўшы, тергеўши, прокурор ямаса суд тәрепинен анық баҳаланып барылыўы лазым.

Әлбетте, гүман қылыныўшы ямаса айыпланыўшының көрсетпелерин баҳалаў пайытында тергеўши ямаса сорастырыўшы жынаят исиниң барлық жағдайларын ҳәртәреплеме, толық ҳәм қалыс рәўиште тексериўи лазым. Бул болса, өз гезегинде, инсанийлық принциплерине тийкарланған жынаят-

процессуал нызамшылығымызда инсан ҳуқық ҳәм еркинликлериниң, және олардың нызамлы мәплериниң толық сақланыўына хызмет етеди.

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР.

## I. БАСШЫЛЫҚҚА АЛЫНҒАН ӘДЕБИЯТЛАР


1. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ қилиш. – Т.: Ўзбекистон, 2005.
2. Каримов И.А. Инсон, унинг ҳуқуқи ва эркинликлари ҳамда манфаатлари – энг олий қадрият. // Ўзбекстон Республикаси Президентининг Ўзбекстон Республикаси Конституцияси 13 йиллигига бағишланган тантанали маросимда 2005-йил 8 декабрда сўзлаган маърузаси.
3. Каримов И.А. “Инсон манфаатларини таъминлаш, ижтимоий ҳимоя тизимини такомиллаштириш – устивор вазифамиздир” // Ўзбекстон Республикаси Президентининг Ўзбекистон Республикаси Конститутциясининг 14 йиллигига бағишланган тантанали маросимдаги маъруза. 2006 йил 7 декабрь. –Т.: Ўзбекистон, 2007.
4. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. – Т.: Ўзбекистон, 2009.
5. Каримов И.А. Ватанимизнинг босқичма-босқич ва барқарор ривожланишини таъминлаш – бизнинг олий мақсадимиздир. – Т.: Ўзбекистон, 2009.
6. Каримов И.А. “Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш Концепцияси” / Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг 2010 йил 12 ноябрдаги қўшма мажлисидаги сўзлаган маърузаси // Халқ сўзи. 2010 йил 13 ноябр. №220(5135).
7. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақиликка эришиш остонасида. – Т.: Ўзбекистон, 2011.

8. Каримов И.А. 2012 йил Ватанимиз тараққиётини янги босқичга кўтарадиган йил бўлади. – Т.: Ўзбекистон, 2012.

## II. ҲУҚЫҚЫЙ-НОРМАТИВ ҲУЖЖЕТЛЕР

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. - Т.: «Ўзбекистон», 2008.

2. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. - Нөкис. «Билим», 2005.

3. Ўзбекистон Республикаси Жиноят-процессуал кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2010.

4. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодекси // Ўзбекистон Республикаси Адлия Вазирлиги. – Т.: Адолат, 2008.

5. Ўзбекистон Республикасининг «Судлар тўғрисида»ги Қонуни (янги таҳрирда). –Т.: Адолат, 2001.

6. Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленумининг «Далиллар мақбуллигига оид жиноят-процессуал қонуни нормаларини қўллашнинг айрим масалалари тўғрисида»ги 2004-йил 24-сентябрдаги 12-сонли қарори // Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленуми қарорлари тўплами. II-жилд. 1991-2006 й.й. – Т.:O'qituvchi, 2007.

7. Ўзбекистон Республикаси Олий суди пленумининг «Ҳимоя ҳуқуқини таъминловчи конунларни қўллаш амалиёти тўғрисида» ги 1996-йил 41 – сонли карори.

8. Ўзбекистон Республикаси Олий Суди Пленуми қарорларининг тўплами. 1991-2006 йй. // Н.З.Тошматовнинг умумий таҳрири остида Чоп этилди. – Т.: Ўзбекистон Республикаси Олий Суди, 2007.

## III. АРНАЎЛЫ ӘДЕБИЯТЛАР

1. Абдумажидов Г. Общие суды Республики Узбекистан. – Т.: Эльдинур, 2000.

2. Абдумажидов Ғ.А. Ўзбекистонда суд ҳокимияти: ислоҳотлар даври. -Т.: Адолат, 2002.

3. Адвокатская деятельность в Республике Узбекистан: Учебник. В 2-х т. Т.2. / Отв. ред. М.Х.Рустамбаев, Л.Б.Хван; Мин-во юстиции Республики Узбекистан, ТГЮИ. – Т.: Konsauditinform-nashr, 2006.

4. Астанова Л. Жиноят процесси ва шахснинг ҳуқуқий мавқеи: ўқув қўлланма. – Т.: Шарқ, 1997.

5. Ахпанов А.Н. Проблемы уголовно-процессуального принуждения в стадии предварительного расследования. – Алматы: Жетi – Жарғы, 1997.

6. Акинча Н.А. Подозреваемый и обвиняемый на предварительном следствии: учнбное пособие – Саратов, 1974.

7. Безлепкин Б.Т. Уголовный процесс России: учебное пособие. – 3-е изд., перераб. и доп. – М.: КНОРУС, 2006.

8. Белезоров Ю.Н., Рябоконь В.В. Производство следственных действий: учебное пособие. – М.: Изд-во МГУ, 1990.

9. Володина Л.М., Сидорова Н.В. Уголовный процесс: учебное пособие. 2-изд., исп. и доп. – Тюмень: Изд-во Тюменского гос. университета, 2007.

10. Володина Л.М. Механизм защиты личности в уголовном процессе. – Тюмень: Изд-во Тюмен. гос. ун-та, 1999.

11. Громов Н.А. Уголовный процесс: Учебное пособие. – М.: Юристъ, 1998.

12. Давлетов А.Д. Прокурорский надзор: учебник. – Нукус. «Билим», 1999.

13. Дубинский А.Я. Привлечение в качестве обвиняемого: учебное пособие. – Киев, 1989.

14. Жиноят процесси: дарслик. Умумий қисм. / З.Ф.Иноғомжонованинг умумий таҳрири остида. – Т.: ТДЮИ, 2008..

15. Зокиров Х.А. Одил судлов ҳуқуқий маданиятини юксалтиришнинг назарий муаммолари / Масъул муҳаррир У.Таджиханов. – Т.: ИИВ Академияси, 1998.

16. Зокиров Х.А. Судебная власть и правовая культура. – Т.: ТГЮИ, 1997.

17. Звягинцева Л.М., Плюхина М.А., Решетникова И.В. Доказывание в судебной практике по гражданским делам: Учебно-практическое пособие. – М.: НОРМА, 2000.

18. Иванкина Н.Е. Основы судебного красноречия (риторика для юристов): учебное пособие. – М.: Юринформ, 2001.

19. Иноғомжонова З.Ф. Жиноят процессида суд назорати концепцияси / Маъсул муҳаррир: Ғ.А.Абдумажидов-Ўзбекистон Республикаси фан арбоби, юридик фанлари доктори, профессор.-Т.: ТДЮИ, 2006

20. Кириллова Н.П. Суд присяжных и мировой опыт.- СПб.: Норма-информ, 1998.

21. Нерсесянц В.С. Ҳуқуқ фалсафаси / Масъул муҳаррир: А.Х.Саидов. – Т.: Адолат, 2003.

22. Ниёзова С.С. Виктимологическая профилактика преступлений: Учебное пособие. – Т.: ТГЮИ, 2009.

23. Мадалиев О.М. Жиноят ишларини биринчи инстанция судларида кўрилишида прокурор иштироки. – Тошкент: ТДЮИ, 2005.

24. Мингбоев У.Қ. Суд – шундай ҳокимиятки. – Т.: Шарқ, 1999.

25. Миллий ғәрезсизлик идеясы: тийкарғы түсиник ҳәм принциплер. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2001.

26. Организация деятельности судов: учебник. / Под общ. ред. В.И.Лебедева. – М.: Норма, 2008.

27. Пўлатов Б.Х. Прокурор назорати: дарслик / Б.Х.Пўлатов; масъул муҳаррирлар: Т.А.Умаров, А.Т.Алламуратов ва бошқ. – Т.: «O’zbekiston», 2009.

28. Роша А.Н. Процессуальные и психологические начала допроса обвиняемого. – М.: АКД, 1965.

29. Савицкий В.М. Прокурорский надзор за дознанием и предварительным следствиям: учебное пособие – М., 1992.

30. Строгович М.С. Право обвиняемого на защиту и презумпция невиновности. – М., 1984.

31. Уголовный процесс: (Общая часть): Учебник для вузов / Под ред. Е.Н.Никифоровой. – Т.: «Адолат», 2000.

32. Уголовный процесс: Общая часть. Учебное пособие. / Автор-сост.: к.ю.н. У.А.Тухташева. – Т.: ТГЮИ, 2007.

33. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят-процессуал кодексига шарҳлар / Масъул муҳаррир: проф. Ғ.Абдумажидов. – Т.: ТДЮИ, 2009.

34. Ўзбекистон юридик энциклопедияси / Нашр учун масъул Р.А.Муҳитдинов ва бошқ.; масъул муҳаррир Н.А.Тойчиев. – Т.: Адолат, 2009.

## IV. ИЛИМИЙ МАҚАЛАЛАР

1. Давлетов А. Жиноят процесси: далилларга баҳо бериш // Ҳуқуқ ва бурч. - №6. - 2009. - Б. 44.

2. Давудова Д. Гумон қилинувчи ва айбланувчини сўроқ қилиш // Ёш олимлар илмий мақолалари тўплами. 2/2009. – Т.: ТДЮИ. – Б. 112.

3. Тухташева У.А. Адвокатура как институт гражданского общества // Материалы круглого стола по теме «Некоторые гаправление реформирорвания institутта адвокатуры». – Т.: ТДЮИ, 2009. – С. 8

4. Хайриев Н. Дастлабки терговда ҳақиқатни аниқлаш принципини таъминлаш муаммолари // ТДЮИ Ахборотномаси. - №2. - 2010. - Б. 139-141.

5. Қўшаев Н.М., Ҳотамов Ҳ.С. Айбланувчи тариқасида жалб қилиш институтини такомиллаштириш масалалари // «Ҳуқуқдаги бўшлиқлар ва уларни бартараф этиш йўллари» мавзусидаги Республика илмий-амалий конференцияси материаллари. – Т.: ТДЮИ, 2009. – Б. 301.

6. Қўшаев Н. Жиноят ишида айбланувчи тариқасида иштирок этишга жалб қилиш тўғрисида қарорда далилларда фойдаланиш масалалари // ТДЮИ Ахборотномаси. - №1. - 2009. – Б. 93-94.

7. Ҳотамов Ҳ. Айб эълон қилиш тушунчаси // Фан ва ёшлар. 3-2009. – Т.: ТДЮИ. – Б. 101-102.